

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
<b>Mark 1</b>	<b>Mark 1</b>
1:1 Kutanga kweevhangeri yaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari;	1:1 The beginning of the gospel of Jesus Christ, the Son of God;
1:2 sezvazvakanyorwa muvaporofita zvichinzi: Tarira, ini ndinotuma mutumwa wangu pamberi pechiso chako, uchagadzira nzira yako pamberi pako.	1:2 As it is written in the prophets, Behold, I send my messenger before thy face, which shall prepare thy way before thee.
1:3 Inzwi reunodanidzira murenje, richiti: Gadzirai migwagwa yalshe; ruramisai nzira yake.	1:3 The voice of one crying in the wilderness, Prepare ye the way of the Lord, make his paths straight.
1:4 Johwani wakati achibhabhatidza murenje, achiparidza rubhabhatidzo rwekutendeukira kukangamwiwo yezvivi.	1:4 John did baptize in the wilderness, and preach the baptism of repentance for the remission of sins.
1:5 Zvino kwakabudira kwaari nyika yose yeJudhiya, naivo veJerusarema, ndokubhabhatidzwa vose naye murwizi rweJoridhani vachireurura zvivi zvavo.	1:5 And there went out unto him all the land of Judaea, and they of Jerusalem, and were all baptized of him in the river of Jordan, confessing their sins.
1:6 Uye Johwani wakange akapfeka makushe ekamera, nebhanhire rechikumba rakapoterredza chiuno chake, waidya mhashu neuchi hwedondo.	1:6 And John was clothed with camel's hair, and with a girdle of a skin about his loins; and he did eat locusts and wild honey;
1:7 Akaparidza, achiti: Kunouya une simba kupfuura ini shure kwangu, wandisina kufanira kukotama kuti ndisunungure tambo yeshangu dzake.	1:7 And preached, saying, There cometh one mightier than I after me, the latchet of whose shoes I am not worthy to stoop down and unloose.
1:8 Ini zvirokwazvo ndakubhabhatidzai nemvura; asi iye uchakubhabhatidzai neMweya Mutsvene.	1:8 I indeed have baptized you with water: but he shall baptize you with the Holy Ghost.
1:9 Zvino zvakaitika nemazuva iwayo kuti Jesu wakabva Nazareta yeGarirea, akabhabhatidzwa naJohwani muna Joridhani.	1:9 And it came to pass in those days, that Jesus came from Nazareth of Galilee, and was baptized of John in Jordan.
1:10 Pakarepo achibuda mumvura, wakaona matenga akazarurwa, neMweya sezvinonzi injiva achiburukira pamusoro pake.	1:10 And straightway coming up out of the water, he saw the heavens opened, and the Spirit like a dove descending upon him:
1:11 Zvino kwakaitika inzwi richibva kumatenga richiti: Iwe uri Mwanakomana wangu unodikamwa, wandinofara naye kwazvo.	1:11 And there came a voice from heaven, saying, Thou art my beloved Son, in whom I am well pleased.
1:12 Zvino pakarepo Mweya wakamutinhira kurenje.	1:12 And immediately the spirit driveth him into the wilderness.
1:13 Akavako murenje mazuva makumi mana achiidzwa naSatani, uye wakange ane mhuka dzesango, vatumwa vachimushandira.	1:13 And he was there in the wilderness forty days, tempted of Satan; and was with the wild beasts; and the angels ministered unto him.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
1:14 Zvino shure kwekukumikidzwa kwaJohwani, Jesu wakasvika muGarirea, achiparidza evhangeri yeushe hwaMwari,	1:14 Now after that John was put in prison, Jesus came into Galilee, preaching the gospel of the kingdom of God,
1:15 achiti: Nguva yazadziswa, uye ushe hwaMwari hwaswedera; tendeukai, mutende evhangeri.	1:15 And saying, The time is fulfilled, and the kingdom of God is at hand: repent ye, and believe the gospel.
1:16 Wakati achifamba-famba pagungwa reGarirea, akaona Simoni naAndiriya munin'ina wake vachikandira mumbure mugungwa; nekuti vakange vari varedzi.	1:16 Now as he walked by the sea of Galilee, he saw Simon and Andrew his brother casting a net into the sea: for they were fishers.
1:17 Jesu akati kwavari: Nditeverei, ndichakuitai muve varedzi vevanhu.	1:17 And Jesus said unto them, Come ye after me, and I will make you to become fishers of men.
1:18 Pakarepo vakasiya mimbure yavo, ndokumutevera.	1:18 And straightway they forsook their nets, and followed him.
1:19 Wakati apfuura zvishoma ipapo, akaona Jakobho waZebhedhi naJohwani munin'ina wake vari muchikepe vachigadzira mimbure.	1:19 And when he had gone a little farther thence, he saw James the son of Zebedee, and John his brother, who also were in the ship mending their nets.
1:20 Pakarepo akavadana; ndokusiya baba vavo Zebhedhi muchikepe nevarikichi, vakamutevera.	1:20 And straightway he called them: and they left their father Zebedee in the ship with the hired servants, and went after him.
1:21 Zvino vakapinda muKapenaume; zvino pakarepo nesabata wakapinda musinagoge, akadzidzisa.	1:21 And they went into Capernaum; and straightway on the sabbath day he entered into the synagogue, and taught.
1:22 Vakashamisika nedzidziso yake; nekuti wakavadzidzisa seune simba, kwete sevanyori.	1:22 And they were astonished at his doctrine: for he taught them as one that had authority, and not as the scribes.
1:23 Zvino kwaiva musinagoge ravo nemunhu wakange ane mweya wetsvina, akadanidzira,	1:23 And there was in their synagogue a man with an unclean spirit; and he cried out,
1:24 achiti: Regai, tinei nemwi, Jesu weNazareta? Mauya kuzotiparadza here? Ndinokuzivai kuti ndimwi ani: Mutsvene waMwari.	1:24 Saying, Let us alone; what have we to do with thee, thou Jesus of Nazareth? art thou come to destroy us? I know thee who thou art, the Holy One of God.
1:25 Jesu ndokumutsiura achiti: Nyarara, ubude maari!	1:25 And Jesus rebuked him, saying, Hold thy peace, and come out of him.
1:26 Zvino mweya wetsvina wakati amugwinhisa, ndokudanidzira nenzwi guru, akabuda kwaari.	1:26 And when the unclean spirit had torn him, and cried with a loud voice, he came out of him.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
1:27 Vakashamisika vose, kusvikira vavhunzana, vachiti: Chii ichi? Idzidziso itsva yei iyi? Nekuti nesimba unoraira kunyange mweya yakasviba, uye inomuteerera.	1:27 And they were all amazed, insomuch that they questioned among themselves, saying, What thing is this? what new doctrine is this? for with authority commandeth he even the unclean spirits, and they do obey him.
1:28 Zvino pakarepo shoko rake rikabudira panyika yose yakapoteredza Garirea.	1:28 And immediately his fame spread abroad throughout all the region round about Galilee.
1:29 Zvino pakarepo vakati vachibuda musinagoge, vakapinda mumba maSimoni naAndiriya, vaina Jakobho naJohwani.	1:29 And forthwith, when they were come out of the synagogue, they entered into the house of Simon and Andrew, with James and John.
1:30 Asi mbuyawasha vaSimoni vakange vavete vane fivhiri, pakarepo vakamuudza nezvavo;	1:30 But Simon's wife's mother lay sick of a fever, and anon they tell him of her.
1:31 akaswedera, akavabata ruoko, akavamutsa; fivhiri ikavarega pakarepo, vakavashandira.	1:31 And he came and took her by the hand, and lifted her up; and immediately the fever left her, and she ministered unto them.
1:32 Zvino ava madekwana, zuva rovira, vakaisa kwaari vose vakange vachirwara nevakange vane madhimoni.	1:32 And at even, when the sun did set, they brought unto him all that were diseased, and them that were possessed with devils.
1:33 Zvino guta rose rakange rakaungana pamukova.	1:33 And all the city was gathered together at the door.
1:34 Akaporesa vazhinji vakange vachirwara nezvirwere zvakasiyana siyana, nekubudisa madhimoni mazhinji; asi haana kutendera madhimoni kutaura, nekuti aimuziva.	1:34 And he healed many that were sick of divers diseases, and cast out many devils; and suffered not the devils to speak, because they knew him.
1:35 Zvino mangwanani kuchine rima guru, wakasimuka, akabuda, akaenda kunzvimbo murenje, akanonyengeterapo.	1:35 And in the morning, rising up a great while before day, he went out, and departed into a solitary place, and there prayed.
1:36 Simoni nevakange vanaye vakamutsvakisisa.	1:36 And Simon and they that were with him followed after him.
1:37 Zvino vakati vamuwana vakati kwaari: Vose vanokutsvakai.	1:37 And when they had found him, they said unto him, All men seek for thee.
1:38 Ndokubva ati kwavari: Ngatiende kumisha iri pedo, kuti ndinoparidzawo ikoko, nekuti ndizvo zvandakabudira.	1:38 And he said unto them, Let us go into the next towns, that I may preach there also: for therefore came I forth.
1:39 Akabva aparidza mumasinagoge avo paGarirea rose, achibudisa madhimoni.	1:39 And he preached in their synagogues throughout all Galilee, and cast out devils.
1:40 Zvino kwakauya kwaari une maperembudzi, achimukumbirisa ndokumufugamira achiti kwaari: Kana muchida munogona kundinatsa.	1:40 And there came a leper to him, beseeching him, and kneeling down to him, and saying unto him, If thou wilt, thou canst make me clean.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
1:41 Jesu akanzwa tsitsi, akatandavadza ruoko, akamubata akati kwaari: Ndinoda, natswa;	1:41 And Jesus, moved with compassion, put forth his hand, and touched him, and saith unto him, I will; be thou clean.
1:42 achangotaura, maperembudzi akabva kwaari pakarepo, akanatswa.	1:42 And as soon as he had spoken, immediately the leprosy departed from him, and he was cleansed.
1:43 Zvino akamuraira zvikuru, akamurega achienda pakarepo,	1:43 And he straightly charged him, and forthwith sent him away;
1:44 akati kwaari: Ona kuti urege kuudza munhu chinhu; asi enda, uzviratidze kumupristi, ubayire pamusoro pekunatswa kwako zvinhu izvo Mozisi zvaakaraira, chive chapupu kwavari.	1:44 And saith unto him, See thou say nothing to any man: but go thy way, shew thyself to the priest, and offer for thy cleansing those things which Moses commanded, for a testimony unto them.
1:45 Asi iye wakabuda akatanga kuparidza zvikuru nekuvavaza kunze shoko iro, zvekuti wakange asingachagoni kupinda muguta pachena, asi wakange ari kunze kunzvimbo dzerenje. Vakauya kwaari vachibva kumativi ose.	1:45 But he went out, and began to publish it much, and to blaze abroad the matter, insomuch that Jesus could no more openly enter into the city, but was without in desert places: and they came to him from every quarter.
<b>Mark 2</b>	<b>Mark 2</b>
2:1 Zvino akapindazve muKapenaume pashure pemazuva; zvikanzwikwa kuti uri mumba.	2:1 And again he entered into Capernaum after some days; and it was noised that he was in the house.
2:2 Zvino pakarepo vazhinji vakaungana zvekuti pakange pasisina nzvimbo, kunyange pamukova; akataura shoko kwavari.	2:2 And straightway many were gathered together, insomuch that there was no room to receive them, no, not so much as about the door: and he preached the word unto them.
2:3 Vakauya kwaari, vakaisa wakange akafa mitezo, akatakurwa navanhu vana.	2:3 And they come unto him, bringing one sick of the palsy, which was borne of four.
2:4 Zvino vakati vasingagoni kusvika pedo naye nekuda kwechaunga, vakapfurunyura denga paakange ari, vakati varipfurunyura vakaburusira uchanja hwaakange avete pahwuri wakange akafa mitezo.	4 And when they could not come nigh unto him for the press, they uncovered the roof where he was: and when they had broken it up, they let down the bed wherein the sick of the palsy lay.
2:5 Jesu wakati aona rutendo rwavo akati kune wakange akafa mitezo: Mwana, zvivi zvako zvakangamwirwa kwaari.	2:5 When Jesus saw their faith, he said unto the sick of the palsy, Son, thy sins be forgiven thee.
2:6 Zvino vamwe vevanyori vakange vagerepo, vakafunga mumoyo yavo vachiti:	2:6 But there was certain of the scribes sitting there, and reasoning in their hearts,
2:7 Uyu unotaurirei kunyomba sezvizvi? Ndiani unogona kukangamwira zvivi kunze kweumwe chete, Mwari?	2:7 Why doth this man thus speak blasphemies? who can forgive sins but God only?

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
2:8 Zvino pakarepo Jesu achiziva mumweya wake kuti vanofunga saizvozvo mukati mavo akati kwavari: Munofungirei zvinhu izvi mumoyo yenyu?	2:8 And immediately when Jesus perceived in his spirit that they so reasoned within themselves, he said unto them, Why reason ye these things in your hearts?
2:9 Chii chakakareruka zvikuru, kuti kune wakafa mitezo: Zvivi zvako zvakangamwirwa kwaari, pane kuti: Simuka, utore uchanja hwako, ufambe?	2:9 Whether is it easier to say to the sick of the palsy, Thy sins be forgiven thee; or to say, Arise, and take up thy bed, and walk?
2:10 Asi kuti muzive kuti Mwanakomana wemunhu une simba panyika rekukangamwira zvivi (akati kune wakange akafa mitezo):	2:10 But that ye may know that the Son of man hath power on earth to forgive sins, (he saith to the sick of the palsy,)
2:11 Ndinoti kwaari: Simuka utore uchanja hwako, uende kumba kwako.	2:11 I say unto thee, Arise, and take up thy bed, and go thy way into thine house.
2:12 Zvino pakarepo wakasimuka, akatora uchanja, ndokubuda pamberi pavo vose; zvekuti vose vakashamisika, vakarumbidza Mwari, vachiti: Hatina kumbozviona zvakadai.	2:12 And immediately he arose, took up the bed, and went forth before them all; insomuch that they were all amazed, and glorified God, saying, We never saw it on this fashion.
2:13 Wakabudazve akaenda kurutivi rwegungwa, chaunga chese chikauya kwaari, akavadzidzisa.	2:13 And he went forth again by the sea side; and all the multitude resorted unto him, and he taught them.
2:14 Wakati achipfuura, akaona Revhi waArifiyosi agere paimba yemutero, akati kwaari: Nditevere. Akasimuka akamutevera.	2:14 And as he passed by, he saw Levi the son of Alphaeus sitting at the receipt of custom, and said unto him, Follow me. And he arose and followed him.
2:15 Zvino zvakaitika agere pakudya mumba make, kuti vateresi vazhinji nevatadzi vakagarawo pamwe naJesu nevadzidzi vake; nekuti vakange vari vazhinji vakamutevera.	2:15 And it came to pass, that, as Jesus sat at meat in his house, many publicans and sinners sat also together with Jesus and his disciples: for there were many, and they followed him.
2:16 Zvino vanyori nevaFarisi vakati vamuona achidya nevateresi nevatadzi, vakati kuvadzidzi vake: Nemhaka yei achidya nekumwa nevateresi nevatadzi?	2:16 And when the scribes and Pharisees saw him eat with publicans and sinners, they said unto his disciples, How is it that he eateth and drinketh with publicans and sinners?
2:17 Jesu wakati achizvinzwa akati kwavari: Vakagwinya havadi chiremba, asi vanorwara. Handina kuuya kuzodana vakarurama, asi vatadzi mukutendeuka.	2:17 When Jesus heard it, he saith unto them, They that are whole have no need of the physician, but they that are sick: I came not to call the righteous, but sinners to repentance.
2:18 Uye vadzidzi vaJohwani nevevaFarisi vaitsanya; vakauya vakati kwaari: Nemhaka yei vadzidzi vaJohwani nevevaFarisi vachitsanya asi vadzidzi venyu havatsanyi?	2:18 And the disciples of John and of the Pharisees used to fast: and they come and say unto him, Why do the disciples of John and of the Pharisees fast, but thy disciples fast not?

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
2:19 Jesu akati kwavari: Vana veimba yemuchato vanogona kutsanya muwani achiri kwavari here? Kana vachingova nemuwani kwavari, havagoni kutsanya;	2:19 And Jesus said unto them, Can the children of the bridechamber fast, while the bridegroom is with them? as long as they have the bridegroom with them, they cannot fast.
2:20 asi mazuva awo achasvika apo muwani achabviswa kwavari, ipapo mumazuva iwayo vachatsanya.	2:20 But the days will come, when the bridegroom shall be taken away from them, and then shall they fast in those days.
2:21 Uye hakuna unosonera chigamba chemucheka usina kuonyana panguvo sharu; kana zvikasadaro chinoiswa chinobvarura pane yakasakara buri rikanyanya.	2:21 No man also seweth a piece of new cloth on an old garment: else the new piece that filled it up taketh away from the old, and the rent is made worse.
2:22 Uye hakuna unodira waini itsva muhombodo sharu, zvikasadaro waini itsva inoparusa hambodo, waini ikateuka nehombodo ikaparara, asi waini itsva inofanira kudirwa muhombodo itsva.	2:22 And no man putteth new wine into old bottles: else the new wine doth burst the bottles, and the wine is spilled, and the bottles will be marred: but new wine must be put into new bottles.
2:23 Zvino zvakaitika kuti achigura nemuminda yezviyo nesabata, vadzidzi vake ndokutanga kutanha hura vachifamba.	2:23 And it came to pass, that he went through the corn fields on the sabbath day; and his disciples began, as they went, to pluck the ears of corn.
2:24 VaFarisi ndokuti kwaari: Tarira, vanoitirei nesabata izvo zvisiri pamutemo?	2:24 And the Pharisees said unto him, Behold, why do they on the sabbath day that which is not lawful?
2:25 Iye akati kwavari: Hamuna kutomboverenga here Dhavhidhi zvaakaita, musi waakange ashaiwa, ava nenzara, iye nevakange vanaye?	2:25 And he said unto them, Have ye never read what David did, when he had need, and was an hungred, he, and they that were with him?
2:26 Kutu wakapinda sei mumba maMwari nenguva yaAbhiatari mupristi mukuru, akadya zvingwa zvekuratidza zvakange zvisiri pamutemo kudyiwa kunze nevapristi, akapawo kwavari vaaiva naye?	2:26 How he went into the house of God in the days of Abiathar the high priest, and did eat the shewbread, which is not lawful to eat but for the priests, and gave also to them which were with him?
2:27 Akati kwavari: Sabata rakaitirwa munhu, kwete munhu kuitirwa sabata.	2:27 And he said unto them, The sabbath was made for man, and not man for the sabbath:
2:28 Naizvozvo Mwanakomana wemunhu ndiIshe kunyange wesabata.	2:28 Therefore the Son of man is Lord also of the sabbath.
<b>Mark 3</b>	<b>Mark 3</b>
3:1 Zvino wakapindazve musinagoge, zvino kwakange kune munhuko wakange ane ruoko rwakawonyana.	3:1 And he entered again into the synagogue; and there was a man there which had a withered hand.
3:2 Zvino vakamutarisisa kuona kana angamuporesa nesabata, kuti vamupomere.	3:2 And they watched him, whether he would heal him on the sabbath day; that they might accuse him.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
3:3 Zvino akati kumunhu waiva neruoko rwakawonyana: Simuka uende pakati.	3:3 And he saith unto the man which had the withered hand, Stand forth.
3:4 Akati kwavari: Zviri pamutemo here kuita zvakanaka nemasabata, kana kuita zvakaipa? Kuponesa upenyu, kana kuuraya? Asi vakanyarara.	3:4 And he saith unto them, Is it lawful to do good on the sabbath days, or to do evil? to save life, or to kill? But they held their peace.
3:5 Zvino wakati aringa-ringa kwavari, nekutsamwa, ane shungu nekuda kwekuoma kwemoyo wavo, akati kumunhu: Tambanudza ruoko rwako. Akatambanudza ruoko rwake rwukaporeswa rwukagwinya serumwe.	3:5 And when he had looked round about on them with anger, being grieved for the hardness of their hearts, he saith unto the man, Stretch forth thine hand. And he stretched it out: and his hand was restored whole as the other.
3:6 VaFarisi vakabuda pakarepo vakarangana nevaHerodhe pamusoro pake kuti vangamuparadza sei.	3:6 And the Pharisees went forth, and straightway took counsel with the Herodians against him, how they might destroy him.
3:7 Zvino Jesu akabva nevadzidzi vake vakaenda kugungwa; chaunga chikuru chikamutevera chichibva Garirea, nekuJudhiya,	3:7 But Jesus withdrew himself with his disciples to the sea: and a great multitude from Galilee followed him, and from Judaea,
3:8 nekuJerusarema, nekuIdhumeya, nemhiri kwaJoridhani, nevakapoteredza Tire neSidhoni, chaunga chikuru, vakati vanzwa makuriro ezvinhu zvaanoita vakauya kwaari.	3:8 And from Jerusalem, and from Idumaea, and from beyond Jordan; and they about Tyre and Sidon, a great multitude, when they had heard what great things he did, came unto him.
3:9 Akataura kuvadzidzi vake kuti igwa duku rimugarire nekuda kwechaunga, kuti varege kumutsikirira.	3:9 And he spake to his disciples, that a small ship should wait on him because of the multitude, lest they should throng him.
3:10 Nekuti wakange aporesa vazhinji zvekuti vaiwira pamusoro pake kuti vamubate vose vakange vane zvirwere.	3:10 For he had healed many; insomuch that they pressed upon him for to touch him, as many as had plagues.
3:11 Nemweya yetsvina, payakamuona yakawira pasi pamberi pake, ikadanidzira ichiti: Imwi muri Mwanakomana waMwari.	3:11 And unclean spirits, when they saw him, fell down before him, and cried, saying, Thou art the Son of God.
3:12 Akairairisa zvikuru kuti irege kumubudisa pachena.	3:12 And he straitly charged them that they should not make him known.
3:13 Zvino wakakwira mugomo, akadanira kwaari vaakange achida iye; vakauya kwaari.	3:13 And he goeth up into a mountain, and calleth unto him whom he would: and they came unto him.
3:14 Akagadza gumi nevaviri, kuti vave naye, nekuti avatume kunoparidza,	3:14 And he ordained twelve, that they should be with him, and that he might send them forth to preach,
3:15 uye vave nesimba rekuporesa zvirwere nekubudisa madhimoni.	3:15 And to have power to heal sicknesses, and to cast out devils:
3:16 NaSimoni akamutumidza zita rinonzi Petro,	3:16 And Simon he surnamed Peter;

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
3:17 naJakobho waZebhedhi, naJohwani munin'ina waJakobho; akavatumidza mazita anonzi Bowanegesi, ndokuti, vanakomana vekutinhira;	3:17 And James the son of Zebedee, and John the brother of James; and he surnamed them Boanerges, which is, The sons of thunder:
3:18 naAndiriya, naFiripi, naBhatoromiyo, naMatewu, naTomasi, naJakobho waArifiyosi, naTadhiyo, naSimoni muKenani,	3:18 And Andrew, and Philip, and Bartholomew, and Matthew, and Thomas, and James the son of Alphaeus, and Thaddaeus, and Simon the Canaanite,
3:19 naJudhasi Isikariyoti, iyewo wakamutengesha. Ndokubva vapinda mumba.	3:19 And Judas Iscariot, which also betrayed him: and they went into an house.
3:20 Chaunga chikaunganazve zvekuti vakange vasingagoni kana kudya chingwa.	3:20 And the multitude cometh together again, so that they could not so much as eat bread.
3:21 Vekwake vakati vachizvinzwa vakabuda kunomubata; nekuti vakati: Unopenga.	3:21 And when his friends heard of it, they went out to lay hold on him: for they said, He is beside himself.
3:22 Nevanyori vakaburuka vachibva kuJerusarema vakati: Una Bheerizebhuri, nekuti: Unobudisa madhimoni nemutungamiriri wemadhimoni.	3:22 And the scribes which came down from Jerusalem said, He hath Beelzebub, and by the prince of the devils casteth he out devils.
3:23 Zvino akavadanira kwaari, akati kwavari nemifananidzo: Satani ungangona kubudisa Satani sei?	3:23 And he called them unto him, and said unto them in parables, How can Satan cast out Satan?
3:24 Kana ushe hwakapesana hwuchimirisana, ushe uhwo hahungagoni kumira.	3:24 And if a kingdom be divided against itself, that kingdom cannot stand.
3:25 Kana imba yakapesana ichimirisana, imba iyo haigoni kumira.	3:25 And if a house be divided against itself, that house cannot stand.
3:26 Uye kana Satani achizvimukira, akapesana, haangagoni kumira, asi unopera.	3:26 And if Satan rise up against himself, and be divided, he cannot stand, but hath an end.
3:27 Hakuna ungangona kupinda mumba mehamburamakaka, akapamba nhumbi dzayo, kunze kwekuti atanga kusunga hamburamakaka, ndokuzopamba imba yayo.	3:27 No man can enter into a strong man's house, and spoil his goods, except he will first bind the strong man; and then he will spoil his house.
3:28 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Zvivi zvose zvichakangamwirwa kuvanakomana vevanhu, nekunyomba kose kwavanonyomba nako;	3:28 Verily I say unto you, All sins shall be forgiven unto the sons of men, and blasphemies wherewith soever they shall blaspheme:
3:29 asi ani nani unonyomba achipikisa Mweya Mutsvene haana kangamwiwo narinhi asi une mhosva yekutongwa kusingaperi.	3:29 But he that shall blaspheme against the Holy Ghost hath never forgiveness, but is in danger of eternal damnation.
3:30 Nekuti vakati: Une mweya wetsvina.	3:30 Because they said, He hath an unclean spirit.
3:31 Zvino kwakauya vanin'ina namai vake, vakamira kunze, vakatumira nhume kwaari vachimudana.	3:31 There came then his brethren and his mother, and, standing without, sent unto him, calling him.



SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
3:32 Chaunga chakange chigere chakamukomba; vakati kwaari: Tarirai, mai venyu nevanin'ina venyu vari panze vanokutsvakai.	3:32 And the multitude sat about him, and they said unto him, Behold, thy mother and thy brethren without seek for thee.
3:33 Akavapindura achiti: Mai vangu ndiani kana vanin'ina vangu?	3:33 And he answered them, saying, Who is my mother, or my brethren?
3:34 Zvino akaringa-ringa kupoterredza avo vakange vagere vakamukomba akati: Tarirai mai vangu nevanin'ina vangu.	3:34 And he looked round about on them which sat about him, and said, Behold my mother and my brethren!
3:35 Nekuti ani nani unoita kuda kwaMwari, ndiye munin'ina wangu nehanzvadzi yangu namai.	3:35 For whosoever shall do the will of God, the same is my brother, and my sister, and mother.
<b>Mark 4</b>	<b>Mark 4</b>
4:1 Zvino wakatangazve kudzidzisa pagungwa; kukaungana kwaari chaunga chikuru zvekuti wakapinda muchikepe akagara mugungwa; uye chaunga chese chakange chiri pagungwa panyika.	4:1 And he began again to teach by the sea side: and there was gathered unto him a great multitude, so that he entered into a ship, and sat in the sea; and the whole multitude was by the sea on the land.
4:2 Akavadzidzisa zvinhu zvizhinji nemifananidzo, akati kwavari padzidziso yake:	4:2 And he taught them many things by parables, and said unto them in his doctrine,
4:3 Teererai; tarirai, mukushi wakabuda kunokusha.	4:3 Hearken; Behold, there went out a sower to sow:
4:4 Zvino zvakaitika pakukusha, imwe yakawira parutivi rwenzira; shiri dzekudenga dzikauya dzikaidya dzikaipedza.	4:4 And it came to pass, as he sowed, some fell by the way side, and the fowls of the air came and devoured it up.
4:5 Asi imwe yakawira panzvimbo dzine mabwe, payakange isina ivhu zhinji; pakarepo ikamera, nekuti yakange isina udziku hwevhu;	4:5 And some fell on stony ground, where it had not much earth; and immediately it sprang up, because it had no depth of earth:
4:6 asi zuva rakati rabuda, yakapiswa, uye nekuti yakange isina mudzi ikasvava.	4:6 But when the sun was up, it was scorched; and because it had no root, it withered away.
4:7 Uye imwe yakawira pamhinzwa, mhinzwa ikakura ikaivhunga, ikasabereka chibereko.	4:7 And some fell among thorns, and the thorns grew up, and choked it, and it yielded no fruit.
4:8 Uye imwe yakawira muvhu rakanaka; ikabereka chibereko chakakura ikawedzera, ikabereka, imwe makumi matatu, neimwe makumi matanhatu, neimwe zana.	4:8 And other fell on good ground, and did yield fruit that sprang up and increased; and brought forth, some thirty, and some sixty, and some an hundred.
4:9 Ndokuti kwavari: Une nzeve dzekunzwa, ngaanzwe.	4:9 And he said unto them, He that hath ears to hear, let him hear.
4:10 Zvino wakati ava oga, vakange vakamukomba nevanegumi nevaviri vakamubvunza zvemufananidzo.	4:10 And when he was alone, they that were about him with the twelve asked of him the parable.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
4:11 Uye akati kwavari: Kwamuri kwakapiwa kuziva chakavanzika cheushe hwaMwari; asi kune avo vari kunze, zvose zvinoitwa nemifananidzo;	4:11 And he said unto them, Unto you it is given to know the mystery of the kingdom of God: but unto them that are without, all these things are done in parables:
4:12 kuti vachiona vaone asi varege kuonesesa, vachinzwa vanzwe asi vasinganzwisisi, zvimwe chero nguva varege kutendeuka, vakangamwirwe zvivi.	4:12 That seeing they may see, and not perceive; and hearing they may hear, and not understand; lest at any time they should be converted, and their sins should be forgiven them.
4:13 Zvino akati kwavari: Hamuzivi mufananidzo uyu here? Zvino muchaziva sei mifananidzo yose?	4:13 And he said unto them, Know ye not this parable? and how then will ye know all parables?
4:14 Mukushi unokusha shoko.	4:14 The sower soweth the word.
4:15 Zvino ava ndivo veparutivi rwenzira, apo panokushwa shoko, uye kana vachirinzwana, pakarepo Satani unouya ndokubvisa shoko rakakushwa mumoyo yavo.	4:15 And these are they by the way side, where the word is sown; but when they have heard, Satan cometh immediately, and taketh away the word that was sown in their hearts.
4:16 Uye saizvozvo ava ndivo vakakushwa panzvimbo dzine mabwe, ivo kana vanzwa shoko, pakarepo vanorigamuchira nemufaro,	4:16 And these are they likewise which are sown on stony ground; who, when they have heard the word, immediately receive it with gladness;
4:17 asi havana mudzi mavari, asi ndevenguva; pashure kana matambudziko nekushushwa zvichiuya nekuda kweshoko, pakarepo vanogumburwa.	4:17 And have no root in themselves, and so endure but for a time: afterward, when affliction or persecution ariseth for the word's sake, immediately they are offended.
4:18 Zvino ava ndivo vanokushwa mumhinzwa, vanonzwa shoko,	4:18 And these are they which are sown among thorns; such as hear the word,
4:19 asi kuzvidya moyo kwezvenyika ino nekunyengera kwefuma neruchiva pamusoro pezvimwe zvinhu zvichipinda, zvichivhunga shoko, rova risingabereki.	4:19 And the cares of this world, and the deceitfulness of riches, and the lusts of other things entering in, choke the word, and it becometh unfruitful.
4:20 Naava ndivo vakakushwa muvhu rakanaka, ndivo vanonzwa shoko, ndokugamuchira, vagobereka chibereko, umwe makumi matatu, uye umwe makumi matanhatu, uye umwe zana.	4:20 And these are they which are sown on good ground; such as hear the word, and receive it, and bring forth fruit, some thirtyfold, some sixty, and some an hundred.
4:21 Zvino wakati kwavari: Mwenje unouiswa kuti uiswe pasi pedengu kana pasi pemubhedha here? Kwete kuti uiswe pachigadziko chemwenje here?	4:21 And he said unto them, Is a candle brought to be put under a bushel, or under a bed? and not to be set on a candlestick?
4:22 Nekuti hapana chakavigwa chisingazovhundunurwi, kana chakachengetwa chakavanda, asi kuti zvibude pachena.	4:22 For there is nothing hid, which shall not be manifested; neither was any thing kept secret, but that it should come abroad.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
4:23 Kana munhu ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe.	4:23 If any man have ears to hear, let him hear.
4:24 Zvino wakati kwavari: Chenjererai zvamunonzwa; nechiyero chamunoyera nacho chichayerwa kwamuri, nekwasuri imwi munonzwa, chichawedzerwa.	4:24 And he said unto them, Take heed what ye hear: with what measure ye mete, it shall be measured to you: and unto you that hear shall more be given.
4:25 Nekuti ani nani unacho uchapiwa; asi usina uchatorerwa kunyange nechaanacho.	4:25 For he that hath, to him shall be given: and he that hath not, from him shall be taken even that which he hath.
4:26 Zvino akati: Hwakadaro ushe hwaMwari, sezvinonzi munhu unokusha mbeu muvhu.	4:26 And he said, So is the kingdom of God, as if a man should cast seed into the ground;
4:27 Zvino ovata nekumuka usiku nemasikati, mbeu inomera ichikura iye asingazivi kuti sei.	4:27 And should sleep, and rise night and day, and the seed should spring and grow up, he knoweth not how.
4:28 Nekuti ivhu rinozviberekera chibereko pacharo, pakutanga chipande, pashure hura, pashure zviyo zvakakora pahura.	4:28 For the earth bringeth forth fruit of herself; first the blade, then the ear, after that the full corn in the ear.
4:29 Asi kana chibereko chaibva, pakarepo unotuma jeko nekuti kukohwa kwasvika.	4:29 But when the fruit is brought forth, immediately he putteth in the sickle, because the harvest is come.
4:30 Zvino wakati: Tichafananidza nei ushe hwaMwari? Tingahuenzanisa nemuenzaniso upi?	4:30 And he said, Whereunto shall we liken the kingdom of God? or with what comparison shall we compare it?
4:31 Setsanga yemasitadha*, iyo kana ichidzvarwa muvhu, idukusa kumbeu dzose dzepanyika;	4:31 It is like a grain of mustard seed, which, when it is sown in the earth, is less than all the seeds that be in the earth:
4:32 asi kana yadzvarwa, inokura ichiva huru kumirivo yose, ichiita matavi makuru zvekuti shiri dzekudenga dzinogona kuvakira pamumvuri wawo.	4:32 But when it is sown, it groweth up, and becometh greater than all herbs, and shooteth out great branches; so that the fowls of the air may lodge under the shadow of it.
4:33 Zvino nemifananidzo mizhinji yakadaro, akataura shoko kwavari, sepavaigona kunzwa napo.	4:33 And with many such parables spake he the word unto them, as they were able to hear it.
4:34 Asi kunze kwemifananidzo haana kutaura kwavari; asi vava vega, wakadudzira vadzidzi vake zvose.	4:34 But without a parable spake he not unto them: and when they were alone, he expounded all things to his disciples.
4:35 Zvino nezuva iroro ava madekwana, wakati kwavari: Ngatiyambukire mhiri.	4:35 And the same day, when the even was come, he saith unto them, Let us pass over unto the other side.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
4:36 Vakarega chaunga chichiinda, vakaenda naye akangodaro muchikepe. Zvino kwaivawo nemamwe magwa naye.	4:36 And when they had sent away the multitude, they took him even as he was in the ship. And there were also with him other little ships.
4:37 Zvino kwakamuka dutu guru remhepo, mafungu akazviroverera muchikepe, zvekuti chakange zvino chozadzwa.	4:37 And there arose a great storm of wind, and the waves beat into the ship, so that it was now full.
4:38 Asi iye wakange ari shure muchikepe avete pamutsago; vakamumutsa, vakati kwaari: Mudzidzisi, hamuna hanya kuti toparara here?	4:38 And he was in the hinder part of the ship, asleep on a pillow: and they awake him, and say unto him, Master, carest thou not that we perish?
4:39 Akamuka akatsiura mhepo, akati kugungwa: Nyarara, gadzikana! Mhepo ikamira, kukava nekudzikama kukuru.	4:39 And he arose, and rebuked the wind, and said unto the sea, Peace, be still. And the wind ceased, and there was a great calm.
4:40 Ndokuti kwavari: Munotyirei zvakadaro? Hamuna rutendo sei?	4:40 And he said unto them, Why are ye so fearful? how is it that ye have no faith?
4:41 Vakatyia nekutyia kukuru, vakati umwe kune umwe: Zvino ndiani uyu, kuti kunyange mhepo negungwa zvinomuteerera?	4:41 And they feared exceedingly, and said one to another, What manner of man is this, that even the wind and the sea obey him?
<b>Mark 5</b>	<b>Mark 5</b>
5:1 Vakasvika mhiri kwegungwa, kunyika yevaGadharini.	5:1 And they came over unto the other side of the sea, into the country of the Gadarenes.
5:2 Zvino wakati abuda muchikepe, pakarepo munhu akamuchingamidza achibva kumarinda ane mweya wetsvina,	5:2 And when he was come out of the ship, immediately there met him out of the tombs a man with an unclean spirit,
5:3 uyo wakange ane ugaro kumarinda, uye kwakange kusina munhu wakange achigona kumusunga kunyange nemaketani,	5:3 Who had his dwelling among the tombs; and no man could bind him, no, not with chains:
5:4 nekuti kazhinji waisungwa nezvisungo zvemakumbo nemaketani, asi maketani aigurwa nepakati naye, nezvisungo zvemakumbo zvaigurwa kuita zvidimbu; uye kwakange kusina waigona kumupingudza.	5:4 Because that he had been often bound with fetters and chains, and the chains had been plucked asunder by him, and the fetters broken in pieces: neither could any man tame him.
5:5 Zvino nguva dzose, usiku nemasikati, waiva mumakomo nekumarinda achidanidzira, achizvicheka nemabwe.	5:5 And always, night and day, he was in the mountains, and in the tombs, crying, and cutting himself with stones.
5:6 Zvino wakati achiona Jesu ari kure, akamhanya ndokumunamata;	5:6 But when he saw Jesus afar off, he ran and worshipped him,
5:7 akadanidzira nenzwi guru akati: Ndinei nemwi Jesu, Mwanakomana waMwari Wekumusoro-soro? Ndinokupikirai naMwari, murege kundirwadzisa.	5:7 And cried with a loud voice, and said, What have I to do with thee, Jesus, thou Son of the most high God? I adjure thee by God, that thou torment me not.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
5:8 Nekuti wakati kwaari: Buda mumunhu, mweya wetsvina.	5:8 For he said unto him, Come out of the man, thou unclean spirit.
5:9 Ndokumubvunza akati: Zita rako ndiani? Akapindura achiti: Zita rangu rinonzi Regiyoni, nekuti tiri vazhinji.	5:9 And he asked him, What is thy name? And he answered, saying, My name is Legion: for we are many.
5:10 Vakamukumbirisa zvikuru kuti arege kuvaendesa kunze kwenyika.	5:10 And he besought him much that he would not send them away out of the country.
5:11 Zvino kwakange kuripo pedo nemakomo boka guru renguruve dzichifura.	5:11 Now there was there nigh unto the mountains a great herd of swine feeding.
5:12 Nemadhimoni ose akamukumbira zvikuru achiti: Titumirei kunguruve kuti tindopinda madziri.	5:12 And all the devils besought him, saying, Send us into the swine, that we may enter into them.
5:13 Pakarepo Jesu akaatendera. Mweya yetsvina ikabuda ikapinda munguruve; boka rikapitirikira kumawere kuenda kugungwa, dzinenge dzaiva zvuru zviriri, dzikabitirirwa mugungwa.	5:13 And forthwith Jesus gave them leave. And the unclean spirits went out, and entered into the swine: and the herd ran violently down a steep place into the sea, (they were about two thousand;) and were choked in the sea.
5:14 Avo vaifudza nguruve ndokutiza, vakanoreva muguta neparuwa. Vakabuda kuzoona kuti chii chainge chaitwa.	5:14 And they that fed the swine fled, and told it in the city, and in the country. And they went out to see what it was that was done.
5:15 Vakasvika kuna Jesu, vakaona uyo wakange ane madhimoni, iye waiva neRegiyoni agere, akapfeka ari munhu kwaye; vakatya.	5:15 And they come to Jesus, and see him that was possessed with the devil, and had the legion, sitting, and clothed, and in his right mind: and they were afraid.
5:16 Vaya vakange vazviona, vakavarondedzera kuti zvakaitika sei kune wakange ane madhimoni nepamusoro penguruve.	5:16 And they that saw it told them how it befell to him that was possessed with the devil, and also concerning the swine.
5:17 Vakatanga kumukumbirisa kuti abve mudunhu mavo.	5:17 And they began to pray him to depart out of their coasts.
5:18 Zvino wakati achipinda muchikepe, iye waiva nemadhimoni akamukumbirisa kuti ave naye.	5:18 And when he was come into the ship, he that had been possessed with the devil prayed him that he might be with him.
5:19 Asi Jesu haana kumutendera, asi wakati kwaari: Enda kumba kwako, kune vekwako, undovaudza kuti zvikuru sei Ishe zvaakuitira, nekukuitira tsitsi.	5:19 Howbeit Jesus suffered him not, but saith unto him, Go home to thy friends, and tell them how great things the Lord hath done for thee, and hath had compassion on thee.
5:20 Akabva ndokuenda akatanga kuparidza muDhekapori kukura kwezvihu Jesu zvaakamuitira; vose vakashamisika.	5:20 And he departed, and began to publish in Decapolis how great things Jesus had done for him: and all men did marvel.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
5:21 Jesu wakati ayambukazve nechikepe kune rimwe divi, chaunga chikuru chikaunganira kwaari, uye wakange ava pedo negungwa.	5:21 And when Jesus was passed over again by ship unto the other side, much people gathered unto him: and he was nigh unto the sea.
5:22 Zvino tarira, kwakasvika umwe wevakuru vesinagoge, wainzi Jairoso; zvino wakati amuona, akawira patsoka dzake.	5:22 And, behold, there cometh one of the rulers of the synagogue, Jairus by name; and when he saw him, he fell at his feet,
5:23 Akamukumbirisa zvikuru achiti: Mukunda wangu muduku wotandadza, uyai muise maoko pamusoro pake kuti aponeswe uye uchararama.	5:23 And besought him greatly, saying, My little daughter lieth at the point of death: I pray thee, come and lay thy hands on her, that she may be healed; and she shall live.
5:24 Akaenda naye; chaunga chikuru chikamutevera, chikamutsimbirira.	5:24 And Jesus went with him; and much people followed him, and thronged him.
5:25 Zvino umwe mukadzi waiva nekubuda ropa makore gumi nemaviri,	5:25 And a certain woman, which had an issue of blood twelve years,
5:26 wakange atambura zvikuru kuvarapi vazhinji, wakange apedza zvole zvaakange anazvo, asina kutongobatsirika, asi pachinhambo cheizvi ainyanyisa,	5:26 And had suffered many things of many physicians, and had spent all that she had, and was nothing bettered, but rather grew worse,
5:27 wakati anzwa zvaJesu, akauya nepakati pechaunga neshure, akabata nguvo yake.	5:27 When she had heard of Jesus, came in the press behind, and touched his garment.
5:28 Nekuti wakati: Kana ndikabata nguvo dzake chete, ndichaponeswa.	5:28 For she said, If I may touch but his clothes, I shall be whole.
5:29 Zvino pakarepo chitubu cheropa rake chikapwa, akanzwa mumuviri kuti waporeswa pachifo.	5:29 And straightway the fountain of her blood was dried up; and she felt in her body that she was healed of that plague.
5:30 Zvino pakarepo Jesu achiziva mukati make kuti simba rabuda maari, akatendeuka pachaunga akati: Ndiani wabata nguvo dzangu?	5:30 And Jesus, immediately knowing in himself that virtue had gone out of him, turned him about in the press, and said, Who touched my clothes?
5:31 Vadzidzi vake vakati kwaari: Munoono chaunga chinokutsimbirirai, zvino moti: Ndiani wandibata?	5:31 And his disciples said unto him, Thou seest the multitude thronging thee, and sayest thou, Who touched me?
5:32 Zvino wakaringa-ringa kuona uyo wakange aita ichi.	5:32 And he looked round about to see her that had done this thing.
5:33 Asi mukadzi achitya, nekubvunda, achiziva zvakange zvaitika maari, akauya ndokuwira pamberi pake, ndokumuudza chokwadi chose.	5:33 But the woman fearing and trembling, knowing what was done in her, came and fell down before him, and told him all the truth.
5:34 Ndokuti kwaari: Mukunda, rutendo rwako rwakuponesa, enda norugare, poreswa pachifo chako.	5:34 And he said unto her, Daughter, thy faith hath made thee whole; go in peace, and be whole of thy plague.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
5:35 Wakati achataura, kwakasvika vamwe vemukuru wesinagoge vakati: Mukunda wenyu wafa, muchiri kutambudzirei mudzidzisi?	5:35 While he yet spake, there came from the ruler of the synagogue's house certain which said, Thy daughter is dead: why troublest thou the Master any further?
5:36 Pakarepo Jesu achinzwa shoko rakataurwa akati kumukuru wesinagoge: Usatya, tenda chete.	5:36 As soon as Jesus heard the word that was spoken, he saith unto the ruler of the synagogue, Be not afraid, only believe.
5:37 Akasatendera munhu kumutevera, kunze kwaPetro naJakobho naJohwani munin'ina waJakobho.	5:37 And he suffered no man to follow him, save Peter, and James, and John the brother of James.
5:38 Vakasvika mumba memukuru wesinagoge, akaona mhere-mhere nevaichema nekurira zvikuru.	5:38 And he cometh to the house of the ruler of the synagogue, and seeth the tumult, and them that wept and wailed greatly.
5:39 Zvino wakati apinda akati kwavari: Munoitirei mhere-mhere muchichema? Mucheche haana kufa, asi uvete.	5:39 And when he was come in, he saith unto them, Why make ye this ado, and weep? the damsel is not dead, but sleepeth.
5:40 Vakamuseka vachimuhura. Asi iye wakati avabudisa vose panze, akatora baba vemucheche namai nevakange vanaye, akapinda makange muvete mucheche.	5:40 And they laughed him to scorn. But when he had put them all out, he taketh the father and the mother of the damsel, and them that were with him, and entereth in where the damsel was lying.
5:41 Akabata ruoko rwemucheche, akati kwaari: "Tarita kumi;" ndokuti kana zwichishandurwa: Musikana muduku, ndinoti kwaari, muka.	5:41 And he took the damsel by the hand, and said unto her, Talitha cumi; which is, being interpreted, Damsel, I say unto thee, arise.
5:42 Pakarepo musikana wakasimuka, akafamba, nekuti waiva wemakore gumi nemaviri; vakashamisika nekushamisika kukuru.	5:42 And straightway the damsel arose, and walked; for she was of the age of twelve years. And they were astonished with a great astonishment.
5:43 Akavaraira zvikuru kuti kusava nemunhu unoziva izvi; akati apiwe chikafu.	5:43 And he charged them straitly that no man should know it; and commanded that something should be given her to eat.
<b>Mark 6</b>	<b>Mark 6</b>
6:1 Zvino wakabvapo, akaenda kunyika yekwake; vadzidzi vake vakamutevera.	6:1 And he went out from thence, and came into his own country; and his disciples follow him.
6:2 Zvino rava sabata, akatanga kudzidzisa musinagoge; vazhinji vakamunzwa, vakashamisika vachiti: Uyu wakawanepi zvinhu izvi? Injere dzipi dzakapiwa kwaari, kuti nemabasa esimba akadai anoitwa nemaoko ake?	6:2 And when the sabbath day was come, he began to teach in the synagogue: and many hearing him were astonished, saying, From whence hath this man these things? and what wisdom is this which is given unto him, that even such mighty works are wrought by his hands?

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
6:3 Uyu haazi muvezi here, mwanakomana waMaria, nemukoma waJakobho naJose naJudha naSimoni? Nehanzvadzi dzake hadzisi pano nesu here? Vakagumburwa naye.	6:3 Is not this the carpenter, the son of Mary, the brother of James, and James, and of Juda, and Simon? and are not his sisters here with us? And they were offended at him.
6:4 Asi Jesu akati kwavari: Muporofita haangashaiwi kukudzwa, kunze kwemunyika yekwake, nepakati pehama dzake, nemumba make.	6:4 But Jesus, said unto them, A prophet is not without honour, but in his own country, and among his own kin, and in his own house.
6:5 Akasagona kubata chero basa resimba ipapo, kunze kwekuti wakaisa maoko pamusoro pevairwara vashoma, akaporesa.	6:5 And he could there do no mighty work, save that he laid his hands upon a few sick folk, and healed them.
6:6 Akashamisika nekusatenda kwavo. Uye akapota-pota nemisha achidzidzisa.	6:6 And he marvelled because of their unbelief. And he went round about the villages, teaching.
6:7 Zvino wakadanira kwaari vanegumi nevaviri, kuvatuma vaviri-vaviri, akavapa simba pamusoro pemweya yetsvina.	6:7 And he called unto him the twelve, and began to send them forth by two and two; and gave them power over unclean spirits;
6:8 Akavaraira kuti varege kutora chinhu cherwendo kunze kwemudonzvo chete; kwete chikwama, kwete chingwa, kwete mari mubhanhire.	6:8 And commanded them that they should take nothing for their journey, save a staff only; no scrip, no bread, no money in their purse:
6:9 Asi vafuke manyatera, varege kupfeka nguvo mbiri.	6:9 But be shod with sandals; and not put on two coats.
6:10 Zvino akati kwavari: Pose pamunopinda mumba, mugaremo kusvikira muchibvapo.	6:10 And he said unto them, In what place soever ye enter into an house, there abide till ye depart from that place.
6:11 Asi vose vasingakugamuchiriyi kana kukunzwai, kana muchibvapo, zuzai guruva riri pasi petsoka dzenyu, chive chapupu kwavari. Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Zvicharerukira Sodhoma kana Gomora nezuva rekutongwa kupfuura guta iro.	6:11 And whosoever shall not receive you, nor hear you, when ye depart thence, shake off the dust under your feet for a testimony against them. Verily I say unto you, It shall be more tolerable for Sodom and Gomorrhah in the day of judgment, than for that city.
6:12 Vakati vabuda, vakaparidza kuti vatendeuke;	6:12 And they went out, and preached that men should repent.
6:13 zvino vakabudisa madhimoni mazhinji, vakazodza nemafuta vazhinji vairwara, vachiporesa.	6:13 And they cast out many devils, and anointed with oil many that were sick, and healed them.
6:14 Mambo Herodhe ndokuzvanzwa, nekuti zita rake rakava pachena, akati: Johwani unobhabhatidza wakamutswa kuvakafa, naizvozvo masimba anobata maari.	6:14 And king Herod heard of him; (for his name was spread abroad:) and he said, That John the Baptist was risen from the dead, and therefore mighty works do shew forth themselves in him.



SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
6:15 Vamwe vakati: NdiEria; nevamwe vakati: Muporofita, kana wakaita seumwe wevaporofita.	6:15 Others said, That it is Elias. And others said, That it is a prophet, or as one of the prophets.
6:16 Asi Herodhe wakati anzwa, akati: Uyu ndiJohwani uya wandakagura ini musoro; iye wamuka kuvakafa.	6:16 But when Herod heard thereof, he said, It is John, whom I beheaded: he is risen from the dead.
6:17 Nekuti Herodhe pachake wakange atuma vanhu akabata Johwani, akamusunga mutirongo nekuda kwaHerodhiasi, mukadzi waFiripi, munin'ina wake; nekuti Herodhe wakange amuwana.	6:17 For Herod himself had sent forth and laid hold upon John, and bound him in prison for Herodias' sake, his brother Philip's wife: for he had married her.
6:18 Nekuti Johwani wakange ati kuna Herodhe: Hauna kutenderwa kuti uve nemukadzi wemunin'ina wako.	6:18 For John had said unto Herod, It is not lawful for thee to have thy brother's wife.
6:19 Herodhiasi akamuvenga nechemumoyo, akada kumuuraya, asi wakakonewa;	6:19 Therefore Herodias had a quarrel against him, and would have killed him; but she could not:
6:20 nekuti Herodhe waitya Johwani, achiziva kuti murume wakarurama, mutsvene, akamuchengetedza. Zvino paakamunzwa wakaita zvinhu zvakawanda, akamunzwa nemufaro.	6:20 For Herod feared John, knowing that he was a just man and an holy, and observed him; and when he heard him, he did many things, and heard him gladly.
6:21 Asi zuva rakafanira rakati rasvika, Herodhe nezuva rekuberekwa kwake akaitira chirairo madzishe ake nevatungamiriri vezvuru nevatungamiriri veGarirea,	6:21 And when a convenient day was come, that Herod on his birthday made a supper to his lords, high captains, and chief estates of Galilee;
6:22 zvino mukunda waHerodhiasi uyo paakapinda akatamba, akafadza Herodhe nevakange vagere pakudya naye; mambo akati kumusikana: Kumbira kwandiri chipi zvacho chaunoda, ndigokupa.	6:22 And when the daughter of the said Herodias came in, and danced, and pleased Herod and them that sat with him, the king said unto the damsel, Ask of me whatsoever thou wilt, and I will give it thee.
6:23 Zvino akamupikira achiti: Chero chii chaunokumbira kwandiri ndichakupa, kusvikira pahafu yeushe hwangu.	6:23 And he sware unto her, Whatsoever thou shalt ask of me, I will give it thee, unto the half of my kingdom.
6:24 Akabuda akati kuna mai vake: Ndichakumbirei? Vakati: Musoro waJohwani Mubhabhatidzi.	6:24 And she went forth, and said unto her mother, What shall I ask? And she said, The head of John the Baptist.
6:25 Pakarepo akakurumidza kupinda kuna mambo, akakumbira achiti: Ndinoda kuti mundipe mundiro ikozvino musoro waJohwani Mubhabhatidzi.	6:25 And she came in straightway with haste unto the king, and asked, saying, I will that thou give me by and by in a charger the head of John the Baptist.
6:26 Mambo akashungurudzika zvikuru, asi nekuda kwemhiko, nekwevakange vagere naye pakudya, wakange asingadi kumurambira.	6:26 And the king was exceeding sorry; yet for his oath's sake, and for their sakes which sat with him, he would not reject her.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
6:27 Pakarepo mambo akatuma mhondi, akaraira kuti musoro wake uyiswe. Akaenda, akamugura musoro mutirongo,	6:27 And immediately the king sent an executioner, and commanded his head to be brought: and he went and beheaded him in the prison,
6:28 akauya nemusoro wake mundiro, akaupa kumusikana, musikana ndokuupa mai vake.	6:28 And brought his head in a charger, and gave it to the damsel: and the damsel gave it to her mother.
6:29 Vadzidzi vake vakati vachizvinzwa, vakauya vakatora chitunha chake, vakachiisa muguva.	6:29 And when his disciples heard of it, they came and took up his corpse, and laid it in a tomb.
6:30 Zvino vaapositori vakaunganira kuna Jesu, vakamuudza zvose, nezvavakange vaita, nezvavakange vadzidzisa.	6:30 And the apostles gathered themselves together unto Jesus, and told him all things, both what they had done, and what they had taught.
6:31 Akati kwavari: Uyai imwi pachenyu moga kunzvimbo yerenje, muzorore zvishoma. Nekuti vaiva vazhinji vaiuya nekuenda, vakasava nemukana kunyange wekudya.	6:31 And he said unto them, Come ye yourselves apart into a desert place, and rest a while: for there were many coming and going, and they had no leisure so much as to eat.
6:32 Vakaenda nechikepe kunzvimbo yerenje vari vega.	6:32 And they departed into a desert place by ship privately.
6:33 Zvaunga zvikavaona vachienda, uye vazhinji vakamuziva, vakamhanyirako pamwechete netsoka vachibva pamaguta ose, vakavatangira, vakasangana kwaari.	6:33 And the people saw them departing, and many knew him, and ran afoot thither out of all cities, and outwent them, and came together unto him.
6:34 Zvino Jesu wakati achibuda, akaona chaunga chikuru, akachinzwira tsitsi, nekuti vakange vakaita semakwai asina mufudzi; akatanga kuvadzidzisa zvinhu zvizhinji.	6:34 And Jesus, when he came out, saw much people, and was moved with compassion toward them, because they were as sheep not having a shepherd: and he began to teach them many things.
6:35 Zvino nguva yakati yaenda zvikuru, vadzidzi vake vakauya kwaari vakati: Iyi inzvimbo yerenje, uye nguva yatoenda;	6:35 And when the day was now far spent, his disciples came unto him, and said, This is a desert place, and now the time is far passed:
6:36 varegei, kuti vaende kuruwa rwakapoteredza nemisha vanozvitengera zvingwa. Nekuti havana chavangadya.	6:36 Send them away, that they may go into the country round about, and into the villages, and buy themselves bread: for they have nothing to eat.
6:37 Akapindura akati kwavari: Vapei imwi kuti vadye. Vakati kwaari: Tingaenda here tinotenga zvingwa zvemadhenari* mazana maviri, tivape vadye?	6:37 He answered and said unto them, Give ye them to eat. And they say unto him, Shall we go and buy two hundred pennyworth of bread, and give them to eat?
6:38 Akati kwavari: Mune zvingwa zvingani? Endai munoona. Vakati vaziva vakati: Zvishanu, nehove mbiri.	6:38 He saith unto them, How many loaves have ye? go and see. And when they knew, they say, Five, and two fishes.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
6:39 Zvino akavaraira kuti vavagarise vose pasi nemapoka-mapoka pauswa unyoro.	6:39 And he commanded them to make all sit down by companies upon the green grass.
6:40 Zvino vakagara pasi nemapoka mapoka nemazana uye nemakumi mashanu.	6:40 And they sat down in ranks, by hundreds, and by fifties.
6:41 Zvino wakati atora zvingwa zvishanu nehove mbiri, akatarira kumusoro kudenga, akavonga, akamedura zvingwa, akapa kuvadzidzi vake, kuti vazvigadzike pamberi pavo; nehove mbiri akavagovera vose.	6:41 And when he had taken the five loaves and the two fishes, he looked up to heaven, and blessed, and brake the loaves, and gave them to his disciples to set before them; and the two fishes divided he among them all.
6:42 Zvino vakadya vose, vakaguta.	6:42 And they did all eat, and were filled.
6:43 Vakanunga matengu gumi nemaviri azere nezvimeu, nezvehove.	6:43 And they took up twelve baskets full of the fragments, and of the fishes.
6:44 Zvino avo vakadya zvingwa vaiva varume vanenge zvuru zvishanu.	6:44 And they that did eat of the loaves were about five thousand men.
6:45 Pakarepo akamanikidza vadzidzi vake kupinda muchikepe, vatungamire kuenda mhiri kuBhetisaidha, iye achirega chaunga chichienda.	6:45 And straightway he constrained his disciples to get into the ship, and to go to the other side before unto Bethsaida, while he sent away the people.
6:46 Akati avaoneka, akabva akaenda mugomo kunonyengetera.	6:46 And when he had sent them away, he departed into a mountain to pray.
6:47 Zvino ava madekwana chikepe chakange chiri pakati pegungwa, iye ari oga panyika.	6:47 And when even was come, the ship was in the midst of the sea, and he alone on the land.
6:48 Zvino wakavaona vachirwadziwa nekukwasva, nekuti mhupo yakange ichipesana navo; akauya kwavari nenguva inenge seyechina yekurinda yeusiku, achifamba pamusoro pegungwa; ndokuda kuvapfuura.	6:48 And he saw them toiling in rowing; for the wind was contrary unto them: and about the fourth watch of the night he cometh unto them, walking upon the sea, and would have passed by them.
6:49 Zvino wakati vachimuona achifamba pamusoro pegungwa, vakafunga kuti idzangaradzimu, vakaridza mhere.	6:49 But when they saw him walking upon the sea, they supposed it had been a spirit, and cried out:
6:50 Nekuti vose vakamuona, vakavhunduka; asi pakarepo akataura navo, akati kwavari: Tsungai moyo, ndini, musatya.	6:50 For they all saw him, and were troubled. And immediately he talked with them, and saith unto them, Be of good cheer: it is I; be not afraid.
6:51 Akakwira kwavari muchikepe, mhupo ikanyarara; vakakatyamara zvikuru mukati mavo zvisingaverengeki vakashamisika.	6:51 And he went up unto them into the ship; and the wind ceased: and they were sore amazed in themselves beyond measure, and wondered.
6:52 nekuti vakange vasina kunzwisisa zvezingwa, nekuti moyo wavo wakange uri mukukutu.	6:52 For they considered not the miracle of the loaves: for their heart was hardened.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
6:53 Vakati vayambuka, vakasvika kunyika yeGenesareti, vakasungira chikepe pamahombekombe.	6:53 And when they had passed over, they came into the land of Gennesaret, and drew to the shore.
6:54 Vakati vabuda muchikepe, pakarepo vakamuziva,	6:54 And when they were come out of the ship, straightway they knew him,
6:55 vakamhanyira munharaunda iyo yose yakapoterredza, vakatanga kutenderera vakatakura vairwara pamichanja, kwavainzwa kuti ndiko kwaari.	6:55 And ran through that whole region round about, and began to carry about in beds those that were sick, where they heard he was.
6:56 Zvino pose paakapinda pamisha kana pamaguta kana paruwa, vakaradzika varwere pamisika, vakamukumbira zvikuru kuti vabate mupendero wenguvo dzake chete; uye vose vakamubata vakaponeswa.	6:56 And whithersoever he entered, into villages, or cities, or country, they laid the sick in the streets, and besought him that they might touch if it were but the border of his garment: and as many as touched him were made whole.
<b>Mark 7</b>	<b>Mark 7</b>
7:1 Zvino kwakaunganira kwaari vaFarisi nevamwe vevanyori vaibva kuJerusarema;	7:1 Then came together unto him the Pharisees, and certain of the scribes, which came from Jerusalem.
7:2 vakati vaona vamwe vevadzidzi vake vachidya zvingwa nemaoko ane tsvina, ndiko kuti asina kushambwa, vakasvora.	7:2 And when they saw some of his disciples eat bread with defiled, that is to say, with unwashen, hands, they found fault.
7:3 Nekuti vaFarisi, nevaJudha vose, havadyi kunze kwekuti vashamba maoko kwazvo, vachibatirira tsika dzevakuru.	7:3 For the Pharisees, and all the Jews, except they wash their hands oft, eat not, holding the tradition of the elders.
7:4 Kana vachibva pamusika, kunze kwekuti vashamba, havadyi; nezvimwe zvinhu zvizhinji zviripo zvavakange vagamuchira kuti vazvichengete, zvinoti: Kusuka mikombe, nehari, nemidziyo yendarira, nenhovo.	7:4 And when they come from the market, except they wash, they eat not. And many other things there be, which they have received to hold, as the washing of cups, and pots, brasen vessels, and of tables.
7:5 Ipapo vaFarisi nevanyori vakamubvunza, vachiti: Nemhaka yei vadzidzi venyu vasingafambi netsika yevakuru, asi vanodya chingwa nemaoko asina kushambwa?	7:5 Then the Pharisees and scribes asked him, Why walk not thy disciples according to the tradition of the elders, but eat bread with unwashen hands?
7:6 Asi wakapindura akati kwavari: Isaya wakaporofita zvakanaka pamusoro penyu imwi vanyepedzeri, sezvazvakanyorwa, zvichinzi: Zera iri rinondikudza nemiromo, asi moyo wavo uri kure neni.	7:6 He answered and said unto them, Well hath Esaias prophesied of you hypocrites, as it is written, This people honoureth me with their lips, but their heart is far from me.
7:7 Asi vanondinamata pasina, vachidzidzisa dzidziso, dziri mirairo yevanhu.	7:7 Howbeit in vain do they worship me, teaching for doctrines the commandments of men.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
7:8 Nekuti munosiya mirairo yaMwari, muchibatirira tsika yevanhu, sekusuka hari nemikombe, nezvimwe zvizhinji zvakadaro munozviita.	7:8 For laying aside the commandment of God, ye hold the tradition of men, as the washing of pots and cups: and many other such like things ye do.
7:9 Zvino akati kwavari: Munoramba nemazvo murairo waMwari, kuti muchengete tsika yenyu.	7:9 And he said unto them, Full well ye reject the commandment of God, that ye may keep your own tradition.
7:10 Nekuti Mozisi wakati: Kudza baba vako namai vako; uye: Unotuka baba kana mai, unofanira kufa rufu.	7:10 For Moses said, Honour thy father and thy mother; and, Whoso curseth father or mother, let him die the death:
7:11 Asi imwi munoti: Kana munhu achiti kuna baba kana mai: Chinhu chipi nechipi chamunobatsirwa nacho neni "iKorbani*", ndokuti chipo kuna Mwari,	7:11 But ye say, If a man shall say to his father or mother, It is Corban, that is to say, a gift, by whatsoever thou mightest be profited by me; he shall be free.
7:12 hamuchamutenderi kuitira baba vake kana mai vake chinhu,	7:12 And ye suffer him no more to do ought for his father or his mother;
7:13 muchishayisa shoko raMwari maturo netsika dzenyu dzamunogamuchidzana; nezvinhu zvizhinji zvakadaro munozviita.	7:13 Making the word of God of none effect through your tradition, which ye have delivered: and many such like things do ye.
7:14 Zvino wakati adanira kwaari chaunga chose akati kwavari: Nditeererei mose, munzwisise.	7:14 And when he had called all the people unto him, he said unto them, Harken unto me every one of you, and understand:
7:15 Hapana chinhu chinobva kunze kwemunhu chinopinda maari chingamusvibisa; asi zvinhu zvinobuda maari, ndizvo zvinosvibisa munhu.	7:15 There is nothing from without a man, that entering into him can defile him: but the things which come out of him, those are they that defile the man.
7:16 Kana aripo ane nzeve dzekunzwa, ngaanzwe.	7:16 If any man have ears to hear, let him hear.
7:17 Zvino wakati apinda mumba achibva kuchaunga, vadzidzi vake vakamubvunza pamusoro pemufananidzo.	7:17 And when he was entered into the house from the people, his disciples asked him concerning the parable.
7:18 Akati kwavari: Saizvozvo nemwi hamunzwisisi here? Hamunzwisisi here kuti chose chinobva kunze chichipinda mumunhu hachigoni kumusvibisa?	7:18 And he saith unto them, Are ye so without understanding also? Do ye not perceive, that whatsoever thing from without entereth into the man, it cannot defile him;
7:19 Nekuti hachipindi mumoyo make, asi mudumbu; chichibuda kunze, achinatsa zvikafu zvose.	7:19 Because it entereth not into his heart, but into the belly, and goeth out into the draught, purging all meats?
7:20 Ndokubva ati: Icho chinobuda mumunhu, ndicho chinosvibisa munhu.	7:20 And he said, That which cometh out of the man, that defileth the man.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
7:21 Nekuti kubva mukati mumoyo wevanhu munobuda mifungo yakaipa, upombwe, ufeve, umhondi,	7:21 For from within, out of the heart of men, proceed evil thoughts, adulteries, fornications, murders,
7:22 umbavha, ruchiva, kuipa, kunyengera, meso-meso, ziso rakaipa, kunyomba, kuzvikudza, upenzi;	7:22 Thefts, covetousness, wickedness, deceit, lasciviousness, an evil eye, blasphemy, pride, foolishness:
7:23 zvose zvinhu izvi zvakaipa zvinobva mukati, zvichisvibisa munhu.	7:23 All these evil things come from within, and defile the man.
7:24 Zvino kubva ipapo wakasimuka akaenda kumiganhu yeTire neSidoni; akapinda mumba, asingadi kuti pave neunozviziva, asi akakoniwa kuvanzika.	7:24 And from thence he arose, and went into the borders of Tyre and Sidon, and entered into an house, and would have no man know it: but he could not be hid.
7:25 Nekuti mukadzi, waiva nemukunda muduku wakange ane mweya wetsvina, wakanzwa nezvake, akauya akawira patsoka dzake.	7:25 For a certain woman, whose young daughter had an unclean spirit, heard of him, and came and fell at his feet:
7:26 Uye mukadzi waiva muGiriki, muSirofenike pachizvarwa; akamukumbirisa kuti abudise dhimoni pamukunda wake.	7:26 The woman was a Greek, a Syrophenician by nation; and she besought him that he would cast forth the devil out of her daughter.
7:27 Asi Jesu akati kwaari: Regai vana vatange kuguta, nekuti hazvina kunaka kutora chingwa chevana, ndokukandira kuimbwanana.	7:27 But Jesus said unto her, Let the children first be filled: for it is not meet to take the children's bread, and to cast it unto the dogs.
7:28 Akapindura akati kwaari: Hongu, Ishe; kunyange nembwanana dziri pasi petafura dzinodya zvezvimeedu zvevana.	7:28 And she answered and said unto him, Yes, Lord: yet the dogs under the table eat of the children's crumbs.
7:29 Akati kwaari: Nekuda kweshoko iri, enda; dhimoni rabva pamukunda wako.	7:29 And he said unto her, For this saying go thy way; the devil is gone out of thy daughter.
7:30 Akabva akaenda kumba kwake, akawana dhimoni rabuda, mukunda avete panhovo.	7:30 And when she was come to her house, she found the devil gone out, and her daughter laid upon the bed.
7:31 Zvino wakatizve achibva kumiganhu yeTire neSidhoni, akauya kugungwa reGarirea, nepakati pemiganhu yeDhekapori.	7:31 And again, departing from the coasts of Tyre and Sidon, he came unto the sea of Galilee, through the midst of the coasts of Decapolis.
7:32 Vakauisa kwaari umwe waiva matsi waikakamira, vakamukumbirisa kuti aise ruoko pamusoro pake.	7:32 And they bring unto him one that was deaf, and had an impediment in his speech; and they beseech him to put his hand upon him.
7:33 Akamutora ari oga kubva pachaunga, akapinza mimwe yake munzeve dzake, akapfira, ndokubata rurimi rwake.	7:33 And he took him aside from the multitude, and put his fingers into his ears, and he spit, and touched his tongue;
7:34 Atarira kumusoro kudenga, akagomera, akati kwaari: "Efata"; ndiko kuti: Zarurwa!	7:34 And looking up to heaven, he sighed, and saith unto him, Ephphatha, that is, Be opened.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
7:35 Pakarepo nzeve dzake dzakazarurwa, chisungo cherurimi rwake chikasunungurwa, akataura zvakarurama.	7:35 And straightway his ears were opened, and the string of his tongue was loosed, and he spake plain.
7:36 Ndokuvaraira, kuti varege kuudza munhu; asi pakunyanya kuvaraira, vakanyanya zvikuru kuparidza izvozvo.	7:36 And he charged them that they should tell no man: but the more he charged them, so much the more a great deal they published it;
7:37 Vakashamisika zvikuru kwazvo, vachiti: Wakaita zviri zviriviri zvakanaka; wakaita matsi kuti dzinzwe, nezvimumumu kuti zvitaure.	7:37 And were beyond measure astonished, saying, He hath done all things well: he maketh both the deaf to hear, and the dumb to speak.
<b>Mark 8</b>	<b>Mark 8</b>
8:1 Nemazuva iwayo zvakwakange kune chaunga chikuru kwazvo, vasina chavangadya, Jesu akadanira vadzidzi vake kwaari, akati kwavari:	8:1 In those days the multitude being very great, and having nothing to eat, Jesus called his disciples unto him, and saith unto them,
8:2 Ndine tsitsi nechaunga; nekuti chadogara neni mazuva matatu vasina zvangadya.	8:2 I have compassion on the multitude, because they have now been with me three days, and have nothing to eat:
8:3 Kana ndikavarega vaende kumba kwavo nenzara, vachaziya panzira; nekuti vamwe vavo vanobva kure.	8:3 And if I send them away fasting to their own houses, they will faint by the way: for divers of them came from far.
8:4 Vadzidzi vake vakamupindura, vakati: Zvingabvepi zvingwa munhu zvaangagutsa nazvo ava murenje muno?	8:4 And his disciples answered him, From whence can a man satisfy these men with bread here in the wilderness?
8:5 Akavabvunza, akati: Mune zvingwa zvingani? Vakati: Zvinomwe.	8:5 And he asked them, How many loaves have ye? And they said, Seven.
8:6 Zvino akaraira chaunga kuti chigare pasi pavhu; akatora zvingwa zvinomwe, akavonga, akazvimedura, ndokupa vadzidzi vake, kuti vaise pamberi pavo; vakazviisa pamberi pechaunga.	8:6 And he commanded the people to sit down on the ground: and he took the seven loaves, and gave thanks, and brake, and gave to his disciples to set before them; and they did set them before the people.
8:7 Uye vakange vane hove duku shoma; zvino akadziropafadza, akati vadziise pamberi pavo.	8:7 And they had a few small fishes: and he blessed, and commanded to set them also before them.
8:8 Vakadya, vakaguta; ndokununga zvimedu zvakasara, matengu manomwe.	8:8 So they did eat, and were filled: and they took up of the broken meat that was left seven baskets.
8:9 Avo vakange vadya vainge vaiva zvuru zvina; akavarega vachienda.	8:9 And they that had eaten were about four thousand: and he sent them away.
8:10 Pakarepo akapinda muchikepe nevadzidzi vake, akauya kumativi eDharimanuta.	8:10 And straightway he entered into a ship with his disciples, and came into the parts of Dalmanutha.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
8:11 Zvino vaFarisi vakabuda, vakatanga kupikisana naye, vachitsvaka kwaari chiratidzo chinobva kudenga, vachimuidza.	8:11 And the Pharisees came forth, and began to question with him, seeking of him a sign from heaven, tempting him.
8:12 Akagomera zvikuru pamweya wake akati: Zera iri rinotsvakirei chiratidzo? Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Hakuna chiratidzo chichapiwa kuzera iri.	8:12 And he sighed deeply in his spirit, and saith, Why doth this generation seek after a sign? verily I say unto you, There shall no sign be given unto this generation.
8:13 Ndokubva avasiya, akapindazve muchikepe, akabva akayambukira kumhiri.	8:13 And he left them, and entering into the ship again departed to the other side.
8:14 Zvino vadzidzi vakange vakangamwa kutora zvingwa; uye vakange vasina navo chinhu muchikepe kunze kwechingwa chimwe chete.	8:14 Now the disciples had forgotten to take bread, neither had they in the ship with them more than one loaf.
8:15 Zvino akavaraira, achiti: Ngwarirai, muchenjere mbiriso yevaFarisi nembiriso yaHerodhe.	8:15 And he charged them, saying, Take heed, beware of the leaven of the Pharisees, and of the leaven of Herod.
8:16 Vakarangana pakati pavo vachiti: Nekuti hatina zvingwa.	8:16 And they reasoned among themselves, saying, It is because we have no bread.
8:17 Zvino Jesu wakati achizviza akati kwavari: Munorangana sei kuti hamuna zvingwa? Hamusati maziva, kana kunzwisisa here? Muchine moyo mikukutu here?	8:17 And when Jesus knew it, he saith unto them, Why reason ye, because ye have no bread? perceive ye not yet, neither understand? have ye your heart yet hardened?
8:18 Mune meso hamuoni here? Uye mune nzeve, hamunzwi here? Uye hamurangariri here?	8:18 Having eyes, see ye not? and having ears, hear ye not? and do ye not remember?
8:19 Pandakamedurira vanezvuru zvishanu zvingwa zvishanu, matengu mangani azere nezvimeu amakanonga? Vakati kwaari: Gumi nemaviri.	8:19 When I brake the five loaves among five thousand, how many baskets full of fragments took ye up? They say unto him, Twelve.
8:20 Uye pazvinomwe pavanezvuru zvina, matengu mangani azere nezvimeu amakanonga? Ndokuti: Manomwe.	8:20 And when the seven among four thousand, how many baskets full of fragments took ye up? And they said, Seven.
8:21 Ndokubva ati kwavari: Sei musinganzwisisi?	8:21 And he said unto them, How is it that ye do not understand?
8:22 Zvino wakasvika kuBhetisaidha; vakauyisa bofu kwaari, vakamukumbirisa kuti aribate.	8:22 And he cometh to Bethsaida; and they bring a blind man unto him, and besought him to touch him.
8:23 Akabata ruoko rwebofu, akaribudisira kunze kwemusha; akati apfira meso aro, akaisa maoko pamusoro paro, akaribvunza kana richiona chinhu.	8:23 And he took the blind man by the hand, and led him out of the town; and when he had spit on his eyes, and put his hands upon him, he asked him if he saw ought.



SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
8:24 Ndokutarira kumusoro rikati: Ndinoona vanhu vakaita semiti, vachifamba.	8:24 And he looked up, and said, I see men as trees, walking.
8:25 Mushure maizvozvo akaisazve maoko pamusoro pameso aro akaritaridza kumusoro, rikaporeswa, rikaona vose zvakajeka.	8:25 After that he put his hands again upon his eyes, and made him look up: and he was restored, and saw every man clearly.
8:26 Akarirega richienda kumba kwaro, achiti: Usapinda mumusha uye usaudza ani nani mumusha.	8:26 And he sent him away to his house, saying, Neither go into the town, nor tell it to any in the town.
8:27 Zvino Jesu akabuda nevadzidzi vake vakaenda kumisha yeKesariya yeFiripi; vari munzira akabvunza vadzidzi vake achiti kwavari: Vanhu vanoti ndini ani?	8:27 And Jesus went out, and his disciples, into the towns of Caesarea Philippi: and by the way he asked his disciples, saying unto them, Whom do men say that I am?
8:28 Vakapindura vachiti: Johwani Mubhabhatidzi; asi vamwe: Eria; vamwezve: Umwe wevaporofita.	8:28 And they answered, John the Baptist; but some say, Elias; and others, One of the prophets.
8:29 Iye akati kwavari: Ko imwi munoti ndini ani? Petro akapindura akati kwaari: Imwi muri Kristu.	8:29 And he saith unto them, But whom say ye that I am? And Peter answereth and saith unto him, Thou art the Christ.
8:30 Akavaraira zvikuru kuti varege kuudza munhu pamusoro pake.	8:30 And he charged them that they should tell no man of him.
8:31 Zvino akatanga kuvadzidzisa kuti Mwanakomana wemunhu unofanira kutambudzika zvinhu zvizhinji nekurambwa nevakuru, nevapristi vakuru, nevanyori, agourawa, uye mushure mamazuva matatu amukezve.	8:31 And he began to teach them, that the Son of man must suffer many things, and be rejected of the elders, and of the chief priests, and scribes, and be killed, and after three days rise again.
8:32 Akataura shoko iro pachena. Zvino Petro akamutorera parutivi, akatanga kumutsiura.	8:32 And he spake that saying openly. And Peter took him, and began to rebuke him.
8:33 Asi iye atendeuka, ndokutarira vadzidzi vake, akatsiura Petro achiti: Ibva shure kwangu, Satani; nekuti haurangariri zvinhu zvaMwari, asi zvinhu zvevanhu.	8:33 But when he had turned about and looked on his disciples, he rebuked Peter, saying, Get thee behind me, Satan: for thou savourest not the things that be of God, but the things that be of men.
8:34 Zvino wakati adanira kwaari chaunga pamwe nevadzidzi vake, akati kwavari: Ani nani unoda kuuya shure kwangu, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere.	8:34 And when he had called the people unto him with his disciples also, he said unto them, Whosoever will come after me, let him deny himself, and take up his cross, and follow me.
8:35 Nekuti ani nani unoda kuponesa upenyu hwake, ucharashikirwa nahwo, asi ani nani ucharashikirwa neupenyu hwake nekuda kwangu nekweevhangeri, ndiye uchahuponesa.	8:35 For whosoever will save his life shall lose it; but whosoever shall lose his life for my sake and the gospel's, the same shall save it.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
8:36 Nekuti zvinobatsirei munhu, kana akawana nyika yose akarashikirwa nemweya wake?	8:36 For what shall it profit a man, if he shall gain the whole world, and lose his own soul?
8:37 Kana kuti munhu uchapei kuti chive muripo wemweya wake?	8:37 Or what shall a man give in exchange for his soul?
8:38 Nekuti ani nani unonyara pamusoro pangu nepamashoko angu pazera iri reupombwe nekutadza, Mwanakomana wemhunhu uchanyarawo pamusoro pake, paanouya mukubwinya kwaBaba vake ane vatumwa vatsvene.	8:38 Whosoever therefore shall be ashamed of me and of my words in this adulterous and sinful generation; of him also shall the Son of man be ashamed, when he cometh in the glory of his Father with the holy angels.
<b>Mark 9</b>	<b>Mark 9</b>
9:1 Zvino wakati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Vamwe varipo kune vamire pano, vasingazoraviri rufu, kusvikira vaona ushe hwaMwari huchiuya nesimba.	9:1 And he said unto them, Verily I say unto you, That there be some of them that stand here, which shall not taste of death, till they have seen the kingdom of God come with power.
9:2 Zvino shure kwemazuva matanhatu, Jesu akatora Petro, naJakobho, naJohwani, akavatungamidza mugomo refu, pachavo vari vega; akashandurwa chimiro pamberi pavo.	9:2 And after six days Jesus taketh with him Peter, and James, and John, and leadeth them up into an high mountain apart by themselves: and he was transfigured before them.
9:3 Zvipfeko zvake zvikapenya, zvikachenesesa zvikuru semagada echando; hakuna musuki panyika, unagoga kuzvichenesa zvikadaro.	9:3 And his raiment became shining, exceeding white as snow; so as no fuller on earth can white them.
9:4 Zvino kwakaonekwa kwavari Eria naMozisi, uye vaitaurirana naJesu.	9:4 And there appeared unto them Elias with Moses: and they were talking with Jesus.
9:5 Petro akapindura akati kuna Jesu: Rabhi*, zvakinakira kuti tive pano; ngativake matende matatu, rimwe renyu, uye rimwe raMozisi, uye rimwe raEria.	9:5 And Peter answered and said to Jesus, Master, it is good for us to be here: and let us make three tabernacles; one for thee, and one for Moses, and one for Elias.
9:6 Nekuti wakange asingazivi chekutura; nekuti vaitya zvikuru.	9:6 For he wist not what to say; for they were sore afraid.
9:7 Zvino kwakava negore rakavadzikatira, inzwi rikabuda mugore, richiti: Uyu Mwanakomana wangu unodika, inzwai iye.	9:7 And there was a cloud that overshadowed them: and a voice came out of the cloud, saying, This is my beloved Son: hear him.
9:8 Kamwe-kamwe, vakati varinga-ringa, havana kuzochaona munhu, asi Jesu chete anavo.	9:8 And suddenly, when they had looked round about, they saw no man any more, save Jesus only with themselves.
9:9 Zvino vakati vachiburuka mugomo, akavaraira kuti varege kuudza munhu zvavakange vaona kunze kwekuti Mwanakomana wemunhu amuka kuvakafa.	9:9 And as they came down from the mountain, he charged them that they should tell no man what things they had seen, till the Son of man were risen from the dead.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
9:10 Vakachengeta shoko iro mukati mavo, vachibvunzana kuti kumuka kwevakafa chii.	9:10 And they kept that saying with themselves, questioning one with another what the rising from the dead should mean.
9:11 Vakamubvunza, vachiti: Vanyori vanoreverei kuti Eria unofanira kutanga kuuya?	9:11 And they asked him, saying, Why say the scribes that Elias must first come?
9:12 Akapindura, akati kwavari: Eria zvirokwazvo unotanga kuuya, avandudze zvinhu zvose; uye kwakagonyorwa sei zveMwanakomana wemunhu, kuti uchatambudzika zvinhu zvizhinji nekuzvidzwa?	9:12 And he answered and told them, Elias verily cometh first, and restoreth all things; and how it is written of the Son of man, that he must suffer many things, and be set at nought.
9:13 Asi ndinoreva kwamuri kuti Eriawo wakasvika, vakamuitira zvose zvavaida, sezvazvakanyorwa pamusoro pake.	9:13 But I say unto you, That Elias is indeed come, and they have done unto him whatsoever they listed, as it is written of him.
9:14 Zvino wakati asvika kuvadzidzi, akaona chaunga chikuru chakavakomba, nevanyori vachipikisana navo.	9:14 And when he came to his disciples, he saw a great multitude about them, and the scribes questioning with them.
9:15 Pakarepo chaunga chose chakati chichimuona chikashamisika zvikuru, chikamhanyira kwaari, chikamukwazisa.	9:15 And straightway all the people, when they beheld him, were greatly amazed, and running to him saluted him.
9:16 Akabvunza vanyori akati: Munopikisanei navo?	9:16 And he asked the scribes, What question ye with them?
9:17 Umwe wechaunga akapindura akati: Mudzidzisi, ndauyisa kwamuri mwanakomana wangu, une mweya wechimumu;	9:17 And one of the multitude answered and said, Master, I have brought unto thee my son, which hath a dumb spirit;
9:18 pangava papi paunomubata, unomubvambura; opupuma furo, nekugedageda meno ake, uye unooma; zvino ndakataura nevadzidzi venyu kuti vaubudise, vakasagona.	9:18 And wheresoever he taketh him, he teareth him: and he foameth, and gnasheth with his teeth, and pineth away: and I spake to thy disciples that they should cast him out; and they could not.
9:19 Akamupindura akati: Haiwa zera risina rutendo, ndichava nemwi kusvikira rinhi? Ndichakuitirai moyo murefu kusvikira rinhi? Muuyisei kwandiri.	9:19 He answereth him, and saith, O faithless generation, how long shall I be with you? how long shall I suffer you? bring him unto me.
9:20 Vakamuuyisa kwaari; wakati achimuona, pakarepo mweya ukamubvambura; akawira pasi, akaumburuka achipupuma furo.	9:20 And they brought him unto him: and when he saw him, straightway the spirit tare him; and he fell on the ground, and wallowed foaming.
9:21 Ndokubva abvunza baba vake akati: Yava nguva yakadini kubvira izvozvi zvichiitika kwaari? Akati: Kubva paupwere.	9:21 And he asked his father, How long is it ago since this came unto him? And he said, Of a child.
9:22 Kazhinji wakamuwisira nemumoto nemumvura, kuti umuparadze; asi kana muchigona kuita chinhu, mutinzwire tsitsi, mutibatsire.	9:22 And ofttimes it hath cast him into the fire, and into the waters, to destroy him: but if thou canst do any thing, have compassion on us, and help us.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
9:23 Jesu ndokuti kwaari: Kana uchigona kutenda, zvinhu zvose zvinogoneka kune unotenda.	9:23 Jesus said unto him, If thou canst believe, all things are possible to him that believeth.
9:24 Uye pakarepo baba vemucheche vakadanidzira nemisodzi vakati: Ndinotenda, Ishe, batsirai pakusatenda kwangu.	9:24 And straightway the father of the child cried out, and said with tears, Lord, I believe; help thou mine unbelief.
9:25 Jesu wakati achiona kuti chaunga chinouya chichimhanyirana, akatsiura mweya wetsina, akati kwaari: Iwe, mweya wechimumumu nematsi, ini ndinokuraira: Buda maari, urege kupindazve maari.	9:25 When Jesus saw that the people came running together, he rebuked the foul spirit, saying unto him, Thou dumb and deaf spirit, I charge thee, come out of him, and enter no more into him.
9:26 Zvino ukadanidzira, ukamubvundisa zvikuru ukabuda; akaita sewakafa, nekudaro vazhinji vakati: Wafa.	9:26 And the spirit cried, and rent him sore, and came out of him: and he was as one dead; insomuch that many said, He is dead.
9:27 Asi Jesu wakabata ruoko rwake akamusimudza; akasimuka.	9:27 But Jesus took him by the hand, and lifted him up; and he arose.
9:28 Zvino wakati apinda mumba, vadzidzi vake vakamubvunza vari vega vachiti: Sei isu takange tisingagoni kuubudisa?	9:28 And when he was come into the house, his disciples asked him privately, Why could not we cast him out?
9:29 Ndokubva ati kwavari: Zera iri harigoni kubuda nechinhu, kunze nekunyengerera nekutsanya.	9:29 And he said unto them, This kind can come forth by nothing, but by prayer and fasting.
9:30 Vakabva ipapo, vakagura neGarirea, akange asingadi kuti chero ani azvizive.	9:30 And they departed thence, and passed through Galilee; and he would not that any man should know it.
9:31 Nekuti waidzidzisa vadzidzi vake, achiti kwavari: Mwanakomana wemunhu uchakumikidzwa mumaoko evanhu, uye vachamuraya; kana aurawa uchamuka nezuva retatu.	9:31 For he taught his disciples, and said unto them, The Son of man is delivered into the hands of men, and they shall kill him; and after that he is killed, he shall rise the third day.
9:32 Asi havana kunzwisisa shoko iro, vachitya kumubvunza.	9:32 But they understood not that saying, and were afraid to ask him.
9:33 Zvino wakasvika Kapernaume; akati ava mumba, akavabvunza, achiti: Manga muchikakavadzana chii munzira?	9:33 And he came to Capernaum: and being in the house he asked them, What was it that ye disputed among yourselves by the way?
9:34 Asi vakanyarara, nekuti munzira vakange vakakavadzana kuti mukurusa ndiani.	9:34 But they held their peace: for by the way they had disputed among themselves, who should be the greatest.
9:35 Zvino akagara pasi, akadana vanegumi nevaviri, akati kwavari: Kana munhu achida kuva wekutanga, uchava wekupedzisira kune vose nemushandi wevose.	9:35 And he sat down, and called the twelve, and saith unto them, If any man desire to be first, the same shall be last of all, and servant of all.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
9:36 Ndokutora mucheche, akamumisa pakati pavo; akati amugumbatira, akati kwavari:	9:36 And he took a child, and set him in the midst of them: and when he had taken him in his arms, he said unto them,
9:37 Ani nani unogamuchira umwe wevacheche vakadai muzita rangu, unogamuchira ini; uye ani nani unogamuchira ini, haagamuchira ini, asi uyo wakandituma.	9:37 Whosoever shall receive one of such children in my name, receiveth me: and whosoever shall receive me, receiveth not me, but him that sent me.
9:38 Zvino Johwani akamupindura, achiti: Mudzidzisi, takaona umwe asingatiteveri achibudisa madhimoni muzita renyu; tikamudzivisa, nekuti haana kutitevera.	9:38 And John answered him, saying, Master, we saw one casting out devils in thy name, and he followeth not us: and we forbad him, because he followeth not us.
9:39 Asi Jesu wakati: Musamudzivisa, nekuti hakuna munhu ungaita basa resimba muzita rangu, unogona kukurumidza kutaura zvakaipa pamusoro pangu.	9:39 But Jesus said, Forbid him not: for there is no man which shall do a miracle in my name, that can lightly speak evil of me.
9:40 Nekuti usingapikisani nesu, ndewedu.	9:40 For he that is not against us is on our part.
9:41 Nekuti ani nani unokupai mukombe wemvura kuti mumwe muzita rangu, nekuti muri vaKristu, zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Haangamborashikirwi nemubairo wake.	9:41 For whosoever shall give you a cup of water to drink in my name, because ye belong to Christ, verily I say unto you, he shall not lose his reward.
9:42 Uye ani nani unogumbusa umwe wevaduku avo vanotenda kwandiri, zviri nani kwaari kuti guyo guru riremberedzwe pamutsipa wake, akandirwe mugungwa.	9:42 And whosoever shall offend one of these little ones that believe in me, it is better for him that a millstone were hanged about his neck, and he were cast into the sea.
9:43 Uye kana ruoko rwako ruchikugumbusa, rugure; zviri nani kwaari kupinda muupenyu uri chirema, pane kuti une maoko maviri uende mugehena, mumoto usingadzimiki,	9:43 And if thy hand offend thee, cut it off: it is better for thee to enter into life maimed, than having two hands to go into hell, into the fire that never shall be quenched:
9:44 apo pasingafi honye yavo, nemoto usingadzimi.	9:44 Where their worm dieth not, and the fire is not quenched.
9:45 Uye kana rutsoko rwako ruchikugumbusa, rugure; zviri nani kwaari kupinda muupenyu uchikamhina, pane kuti une tsoka mbiri ukandirwe mugehena mumoto usingadzimiki,	9:45 And if thy foot offend thee, cut it off: it is better for thee to enter halt into life, than having two feet to be cast into hell, into the fire that never shall be quenched:
9:46 apo pasingafi honye yavo, nemoto usingadzimi.	9:46 Where their worm dieth not, and the fire is not quenched.
9:47 Zvino kana ziso rako richikugumbusa, ridzure; zviri nani kwaari kupinda muushe hwaMwari une ziso rimwe, pakuti une maziso maviri, ukandirwe mugehena remoto,	9:47 And if thine eye offend thee, pluck it out: it is better for thee to enter into the kingdom of God with one eye, than having two eyes to be cast into hell fire:
9:48 apo pasingafi honye yavo, nemoto usingadzimi.	9:48 Where their worm dieth not, and the fire is not quenched.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
9:49 Nekuti wose ucharungwa nemoto uye chibayiro chose chicharungwa nemunyu.	9:49 For every one shall be salted with fire, and every sacrifice shall be salted with salt.
9:50 Munyu wakanaka; asi kana munyu warasa kuvava, mungaurunga nei? Ivai nemunyu mamuri, mugarisane nerugare.	9:50 Salt is good: but if the salt have lost his saltness, wherewith will ye season it? Have salt in yourselves, and have peace one with another.
<b>Mark 10</b>	<b>Mark 10</b>
10:1 Zvino wakati asimukapo, akauya kumiganhu yeJudhiya, achigura nemhiri kwaJoridhani; chaunga chikaunganirazve kwaari; akapamha kuvavadzidzisa zvose sezvaakange ajaira.	10:1 And he arose from thence, and cometh into the coasts of Judaea by the farther side of Jordan: and the people resort unto him again; and, as he was wont, he taught them again.
10:2 VaFarisi vakauya kwaari, vakamubvunza vachiti: Zviri pamutemo here kuti murume arambe mukadzi? vachimuidza.	10:2 And the Pharisees came to him, and asked him, Is it lawful for a man to put away his wife? tempting him.
10:3 Akapindura, akati kwavari: Mozisi wakakurairai chii?	10:3 And he answered and said unto them, What did Moses command you?
10:4 Zvino vakati: Mozisi wakatendera kunyora rugwaro rwerambano, nekumuramba.	10:4 And they said, Moses suffered to write a bill of divorcement, and to put her away.
10:5 Jesu akapindura akati kwavari: Nekuda kweukukutu hwemoyo yenyu, wakakunyorera murairo uyu.	10:5 And Jesus answered and said unto them, For the hardness of your heart he wrote you this precept.
10:6 Asi kubva pakutanga kwezvisikwa, Mwari wakavaita murume nemukadzi.	10:6 But from the beginning of the creation God made them male and female.
10:7 Nekuda kweizvozvo munhu uchasiya baba namai vake, anamatire mukadzi wake;	10:7 For this cause shall a man leave his father and mother, and cleave to his wife;
10:8 zvino avo vaviri vachava nyama imwe. Naizvozvo havasichiri vaviri, asi nyama imwe.	10:8 And they twain shall be one flesh: so then they are no more twain, but one flesh.
10:9 Naizvozvo Mwari zvaakabatanidza, ngapasava nemunhu unoparadzanisa.	10:9 What therefore God hath joined together, let not man put asunder.
10:10 Mumba vadzidzi vake vakapamha kumubvunza pamusoro pazvo.	10:10 And in the house his disciples asked him again of the same matter.
10:11 Zvino akati kwavari: Ani nani unoramba mukadzi wake, akawana umwe, unoita upombwe kwaari.	10:11 And he saith unto them, Whosoever shall put away his wife, and marry another, committeth adultery against her.
10:12 Uye kana mukadzi achiramba murume wake, achiwanikwa neumwe, unoita upombwe.	10:12 And if a woman shall put away her husband, and be married to another, she committeth adultery.
10:13 Zvino vakauya nevana vaduku kwaari, kuti avabate; asi vadzidzi vakatsiura avo vaiuya navo.	10:13 And they brought young children to him, that he should touch them: and his disciples rebuked those that brought them.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
10:14 Zvino Jesu wakati achizviona, akatsamwa zvikuru, akati kwavari: Tenderai vana vaduku kuuya kwandiri, uye musavadzivisa, nekuti ushe hwaMwari ndohwevakadai.	10:14 But when Jesus saw it, he was much displeased, and said unto them, Suffer the little children to come unto me, and forbid them not: for of such is the kingdom of God.
10:15 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Ani nani usingagamuchiri ushe hwaMwari semucheche, haangatongopindi mahuri.	10:15 Verily I say unto you, Whosoever shall not receive the kingdom of God as a little child, he shall not enter therein.
10:16 Uye akavagumbatira, achiisa maoko pamusoro pavo, akavaropafadza.	10:16 And he took them up in his arms, put his hands upon them, and blessed them.
10:17 Zvino wakati achibudira kunzira, umwe wakamumhanyira, akamufugamira akamubvunza, achiti: Mudzidzisi wakanaka, ndingaitei kuti ndigare nhaka yeupenyu husingaperi?	10:17 And when he was gone forth into the way, there came one running, and kneeled to him, and asked him, Good Master, what shall I do that I may inherit eternal life?
10:18 Jesu akati kwaari: Unondiidzirei wakanaka? Hakuna wakanaka, kunze kweumwe, iye Mwari.	10:18 And Jesus said unto him, Why callest thou me good? there is none good but one, that is, God.
10:19 Unoiziva mirairo inoti: Usaita upombwe, usauraya, usaba, usapupura nhema, usabiridzira, kudza baba namai vako.	10:19 Thou knowest the commandments, Do not commit adultery, Do not kill, Do not steal, Do not bear false witness, Defraud not, Honour thy father and mother.
10:20 Zvino akapindura akati kwaari: Mudzidzisi, izvi zvose ndakazvichengeta kubva pauduku hwangu.	10:20 And he answered and said unto him, Master, all these have I observed from my youth.
10:21 Jesu ndokumutarira akamuda, akati kwaari: Chinhu chimwe chaunoshaiwa; enda, utengese zvose zvaunazvo, upe varombo, zvino uchava nefuma kudenga; ugouya utakure muchinjikwa, unditevere.	10:21 Then Jesus beholding him loved him, and said unto him, One thing thou lackest: go thy way, sell whatsoever thou hast, and give to the poor, and thou shalt have treasure in heaven: and come, take up the cross, and follow me.
10:22 Asi atsamwa neshoko iro, wakaenda neshungu, nekuti wakange ane nhumbi zhinji.	10:22 And he was sad at that saying, and went away grieved: for he had great possessions.
10:23 Ipapo Jesu akaringa-ringa, akati kuvadzidzi vake: Vacharemerwa sei vane fuma kupinda muushe hwaMwari!	10:23 And Jesus looked round about, and saith unto his disciples, How hardly shall they that have riches enter into the kingdom of God!
10:24 Vadzidzi vakashamisika nemashoko ake. Asi Jesu wakapindurazve, akati kwavari: Vana, zvinorema sei kune vanovimba nefuma kupinda muushe hwaMwari;	10:24 And the disciples were astonished at his words. But Jesus answereth again, and saith unto them, Children, how hard is it for them that trust in riches to enter into the kingdom of God!
10:25 zvingarerukira kamera kudarika nemuburi retsono, pane kuti mufumi apinde muushe hwaMwari.	10:25 It is easier for a camel to go through the eye of a needle, than for a rich man to enter into the kingdom of God.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
10:26 Ipapo vakashamisika zvisingaverengeki, vachitaurirana vachiti: Ndiani zvino ungaponeswa?	10:26 And they were astonished out of measure, saying among themselves, Who then can be saved?
10:27 Zvino Jesu wakati achivatarira, akati: Kuvanhu hazvibviri, asi kwete kuna Mwari; nekuti kuna Mwari zvinhu zvose zvinobvira.	10:27 And Jesus looking upon them saith, With men it is impossible, but not with God: for with God all things are possible.
10:28 Petro akatanga kuti kwaari: Tarira, isu takasiya zvose tikakuteverai.	10:28 Then Peter began to say unto him, Lo, we have left all, and have followed thee.
10:29 Jesu akapindura akati: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Hakuna munhu wakasiya imba, kana vanin'ina nemadzikoma, kana hanzvadzi, kana baba, kana mai, kana mukadzi, kana vana, kana minda, nekuda kwangu nekweevhangeri,	10:29 And Jesus answered and said, Verily I say unto you, There is no man that hath left house, or brethren, or sisters, or father, or mother, or wife, or children, or lands, for my sake, and the gospel's,
10:30 usingazogamuchiri kane zana ikozvino nenguva ino, dzimba, nevanin'ina nemadzikoma, nehanzvadzi, nanamai, nevana, neminda; pamwe nekushushwa, neupenyu husingaperi munguva inouya.	10:30 But he shall receive an hundredfold now in this time, houses, and brethren, and sisters, and mothers, and children, and lands, with persecutions; and in the world to come eternal life.
10:31 Asi vazhinji vekutanga vachava vekupedzisira, nevekupedzira vekutanga.	10:31 But many that are first shall be last; and the last first.
10:32 Zvino vachiri munzira vachikwira kuJerusarema; Jesu akavatungamirira; vakashamisika; zvino pavaitevera, vaitya. Akatorazve vanegumi nevaviri, akatanga kuvaudza zvinhu zvakange zvichizoitika,	10:32 And they were in the way going up to Jerusalem; and Jesus went before them: and they were amazed; and as they followed, they were afraid. And he took again the twelve, and began to tell them what things should happen unto him,
10:33 achiti: Tarirai, tinokwira kuJerusarema, uye Mwanakomana wemunhu uchakumikidzwa kuvapristi vakuru nekuvanyori, uye vachamutongera rufu, nekumukumikidza kuvahedheni,	10:33 Saying, Behold, we go up to Jerusalem; and the Son of man shall be delivered unto the chief priests, and unto the scribes; and they shall condemn him to death, and shall deliver him to the Gentiles:
10:34 vachamusveveredza, vachamurova netyava, nekumupfira, nekumuuraya; zvino nezuya retatu uchamukazve.	10:34 And they shall mock him, and shall scourge him, and shall spit upon him, and shall kill him: and the third day he shall rise again.
10:35 Zvino Jakobho naJohwani, vanakomana vaZebhedhi, vakauya kwaari vachiti: Mudzidzisi, tinoda kuti mutiitire chero chatichakumbira.	10:35 And James and John, the sons of Zebedee, come unto him, saying, Master, we would that thou shouldest do for us whatsoever we shall desire.
10:36 Akati kwavari: Chii chamunoda kuti ndikuitirei?	10:36 And he said unto them, What would ye that I should do for you?
10:37 Vakati kwaari: Tipei kuti tigare, umwe kuruoko rwenyu rwerudyi, uye umwe kuruboshwe rwenyu mukubwinya kwenyu.	10:37 They said unto him, Grant unto us that we may sit, one on thy right hand, and the other on thy left hand, in thy glory.



SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
10:38 Asi Jesu wakati kwavari: Hamuzivi chamunokumbira. Mungagona kumwa mukombe wandinomwa ini here? nekubhabhatidzwa norubhabhatidzo rwandinobhabhatidzwa narwo ini here?	10:38 But Jesus said unto them, Ye know not what ye ask: can ye drink of the cup that I drink of? and be baptized with the baptism that I am baptized with?
10:39 Vakati kwaari: Tingagona. Jesu akati kwavari: Muchamwa zvirokwazvo mukombe wandinomwa ini, nekubhabhatidzwa norubhabhatidzo rwandinobhabhatidzwa narwo ini;	10:39 And they said unto him, We can. And Jesus said unto them, Ye shall indeed drink of the cup that I drink of; and with the baptism that I am baptized withal shall ye be baptized:
10:40 asi kugara kuruoko rwangu rwerudyi nekuruboshwe rwangu, hazvisi zvangu kupa, asi zvevakazvigadzirirwa.	10:40 But to sit on my right hand and on my left hand is not mine to give; but it shall be given to them for whom it is prepared.
10:41 Vanegumi vakati vachizvinzwa, vakatanga kutsamwira zvikuru Jakobho naJohwani.	10:41 And when the ten heard it, they began to be much displeased with James and John.
10:42 Asi Jesu akavadanira kwaari akati kwavari: Munoziva kuti avo vanonzi machinda evahedheni anovadzvinzirira, nevakuru vavo vanoshandisa simba pamusoro pavo.	10:42 But Jesus called them to him, and saith unto them, Ye know that they which are accounted to rule over the Gentiles exercise lordship over them; and their great ones exercise authority upon them.
10:43 Zvino hazvingadaro pakati penyuru; asi ani nani unoda kuva mukuru pakati penyuru, ngaave mushandiri wenyu;	10:43 But so shall it not be among you: but whosoever will be great among you, shall be your minister:
10:44 ani nani wenyu unoda kuva wokutanga, ngaave mushandi wevose.	10:44 And whosoever of you will be the chiefest, shall be servant of all.
10:45 Nekuti kunyange Mwanakomana wemunhu haana kuuya kuzoshumirwa, asi kushumira, nekupa upenyu hwake ruve rudzikunuro rwevazhinji.	10:45 For even the Son of man came not to be ministered unto, but to minister, and to give his life a ransom for many.
10:46 Vakasvika Jeriko; zvino wakati achibuda Jeriko nevadzidzi vake nechaunga chikuru, Bhatimio bofu, mwanakomana waTimio, akange agere padivi penzira achipemha.	10:46 And they came to Jericho: and as he went out of Jericho with his disciples and a great number of people, blind Bartimaeus, the son of Timaeus, sat by the highway side begging.
10:47 Wakati anzwa kuti ndiJesu weNazareta, akatanga kudanzira nekuti: Jesu Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei tsitsi!	10:47 And when he heard that it was Jesus of Nazareth, he began to cry out, and say, Jesus, thou son of David, have mercy on me.
10:48 Vazhinji vakamutsiura kuti anyarare; asi iye wakanyanya kudanzira kwazvo, achiti: Mwanakomana waDhavhidhi, ndinzwirei tsitsi!	10:48 And many charged him that he should hold his peace: but he cried the more a great deal, Thou son of David, have mercy on me.
10:49 Jesu ndokuramba amire, akati adamwe; vakadana bofu vachiti kwariri: Tsunga moyo; simuka, unokudana.	10:49 And Jesus stood still, and commanded him to be called. And they call the blind man, saying unto him, Be of good comfort, rise; he calleth thee.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
10:50 Ipapo rikarasha nguvo yaro rikasimuka, rikauya kuna Jesu.	10:50 And he, casting away his garment, rose, and came to Jesus.
10:51 Jesu akapindura, akati kwariri: Unoda kuti ndikuitirei? Bofu rikati kwaari: Rabhoni*, kuti ndionezve.	10:51 And Jesus answered and said unto him, What wilt thou that I should do unto thee? The blind man said unto him, Lord, that I might receive my sight.
10:52 Jesu akati kwariri: Enda; rutendo rwako rwakuponesa. Pakarepo rikaonazve, rikatevera Jesu munzira.	10:52 And Jesus said unto him, Go thy way; thy faith hath made thee whole. And immediately he received his sight, and followed Jesus in the way.
<b>Mark 11</b>	<b>Mark 11</b>
11:1 Vakati vasvika pedo neJerusarema, paBhetifage neBhetaniya, pagomo reMiorivhi, akatuma vaviri vevadzidzi vake,	11:1 And when they came nigh to Jerusalem, unto Bethphage and Bethany, at the mount of Olives, he sendeth forth two of his disciples,
11:2 akati kwavari: Fambai muende kumusha wakatarisana nemwi; pakarepo kana muchangopinda mauri, muchawana dhongwana rakasungirwa, risina munhu wakamborigara; murisunugure, mugouya naro.	11:2 And saith unto them, Go your way into the village over against you: and as soon as ye be entered into it, ye shall find a colt tied, whereon never man sat; loose him, and bring him.
11:3 Kana munhu akati kwamuri: Munoitirei izvi? Muti: Ishe unorida. Pakarepo ucharitumira pano.	11:3 And if any man say unto you, Why do ye this? say ye that the Lord hath need of him; and straightway he will send him hither.
11:4 Vakaenda, vakanowana dhongwana rakasungirwa pamukova kunze, panzira yemumusha; vakarisunungura.	11:4 And they went their way, and found the colt tied by the door without in a place where two ways met; and they loose him.
11:5 Vamwe vevakange vamorepo vakati kwavari: Munoitei muchisunungura dhongwana?	11:5 And certain of them that stood there said unto them, What do ye, loosing the colt?
11:6 Vakavaudza Jesu sezvaakaraira; vakavarega vachiinda.	11:6 And they said unto them even as Jesus had commanded: and they let them go.
11:7 Zvino vakauya nedhongwana kuna Jesu, vakakandira nguvo dzavo pamusoro paro, akagara pamusoro paro.	11:7 And they brought the colt to Jesus, and cast their garments on him; and he sat upon him.
11:8 Nevazhinji vakawarira nguvo dzavo munzira, nevamwe vakatema masanzu vakawarira munzira.	11:8 And many spread their garments in the way: and others cut down branches off the trees, and strawed them in the way.
11:9 Zvino avo vakange vachitungamira nevakange vachitevera vakadanidzira, vachiti: Hosana*! Wakaropafadzwa unouya muzita ralshe;	11:9 And they that went before, and they that followed, cried, saying, Hosanna; Blessed is he that cometh in the name of the Lord:
11:10 hwakaropafadzwa ushe hwaBaba vedu Dhavhidhi, hunouya muzita ralshe! Hosana* kumusoro-soro!	11:10 Blessed be the kingdom of our father David, that cometh in the name of the Lord: Hosanna in the highest.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
11:11 Jesu ndokupinda muJerusarema, nemutembere; akati aringa-ringa zvinhu zvose, yava nguva yemadekwani, akabuda, akaenda Bhetaniya nevanegumi nevaviri.	11:11 And Jesus entered into Jerusalem, and into the temple: and when he had looked round about upon all things, and now the eventide was come, he went out unto Bethany with the twelve.
11:12 Uye mangwana vachibuda Bhetaniya, akanzwa nzara.	11:12 And on the morrow, when they were come from Bethany, he was hungry:
11:13 Wakati achiona muonde uri kure, une mashizha, akaendako achiti zvimwe angawana chinhu pauri; asi asvika pauri haana kuwana chinhu kunze kwemashizha; nekuti yakange isiri nguva yemaonde.	11:13 And seeing a fig tree afar off having leaves, he came, if haply he might find any thing thereon: and when he came to it, he found nothing but leaves; for the time of figs was not yet.
11:14 Zvino Jesu akapindura, akati kwaari: Kusava nemunhu unozodya zvizereko pauri kubva zvino kusvika kusingaperi. Vadzidzi vake vakazvinzwa.	11:14 And Jesus answered and said unto it, No man eat fruit of thee hereafter for ever. And his disciples heard it.
11:15 Vakasvika kuJerusarema; Jesu akapinda mutembere, akatanga kudzingira panze avo waitengesa nevaitenga mutembere; akapidigura matafura evaitsinhanisa mari, nezvigarozvaivo waitengesa njiva.	11:15 And they come to Jerusalem: and Jesus went into the temple, and began to cast out them that sold and bought in the temple, and overthrew the tables of the moneychangers, and the seats of them that sold doves;
11:16 Zvino akasatendera kuti munhu atakure mudziyo achipfuura nemutembere.	11:16 And would not suffer that any man should carry any vessel through the temple.
11:17 Akadzidzisa, achiti kwavari: Hakuna kunyorwa here kuchinzi: Imba yangu ichanzi imba yekunyengetera yemarudzi ose? Asi imwi makaiita bako remakororo.	11:17 And he taught, saying unto them, Is it not written, My house shall be called of all nations the house of prayer? but ye have made it a den of thieves.
11:18 Zvino vanyori nevapristi vakuru vakazvinzwa, vakatsvika kuti vangamuparadza sei; nekuti vakange vachimutya, nekuti chaunga chose chakashamisika nedzidziso yake.	11:18 And the scribes and chief priests heard it, and sought how they might destroy him: for they feared him, because all the people was astonished at his doctrine.
11:19 Zvino ava madekwana, wakabuda kunze kweguta.	11:19 And when even was come, he went out of the city.
11:20 Zvino mangwanani-ngwanani vakati vachipfuura, vakaona muonde waoma kubva pamidzi.	11:20 And in the morning, as they passed by, they saw the fig tree dried up from the roots.
11:21 Petro akarangarira akati kwaari: Rabhi*, tarirai muonde wamakapa rushambwa wawoma.	11:21 And Peter calling to remembrance saith unto him, Master, behold, the fig tree which thou cursedst is withered away.
11:22 Jesu akapindura akati kwavari: Ivai nerutendo kuna Mwari.	11:22 And Jesus answering saith unto them, Have faith in God.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
11:23 Nekuti zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Umwe neumwe unoti kugomo iri: Simudzwa, ukandwe mugungwa, asingakononi mumoyo make, asi achitenda kuti zvinhu zvaanoreva zvichaitika, zvichaitika kwaari chero zvaanoreva.	11:23 For verily I say unto you, That whosoever shall say unto this mountain, Be thou removed, and be thou cast into the sea; and shall not doubt in his heart, but shall believe that those things which he saith shall come to pass; he shall have whatsoever he saith.
11:24 Naizvozvo ndinoti kwamuri: Zvinhu zvose chero zvamunokumbira muchinyengetera, tendai kuti muchagamuchira, uye zvichava zvenyu.	11:24 Therefore I say unto you, What things soever ye desire, when ye pray, believe that ye receive them, and ye shall have them.
11:25 Kana mumire muchinyengetera, kangamwirai kana mune chakanangana neumwe; kuti Baba venyuwo vari kumatenga vakukangamwirei kudarika kwenyu.	11:25 And when ye stand praying, forgive, if ye have ought against any: that your Father also which is in heaven may forgive you your trespasses.
11:26 Asi kana imwi musingakangamwiri Baba venyu vari kumatenga havakangamwiriwo kudarika kwenyu.	11:26 But if ye do not forgive, neither will your Father which is in heaven forgive your trespasses.
11:27 Vakasvikazve kuJerusarema; zvino wakati achifamba mutembere, vapristi vakuru nevanyori nevakuru vakauya kwaari,	11:27 And they come again to Jerusalem: and as he was walking in the temple, there come to him the chief priests, and the scribes, and the elders,
11:28 zvino wakati kwaari: Unoita zvinhu izvozvi nemasimba api; ndiani wakakupa masimba awa aunaita nawo zvinhu izvi?	11:28 And say unto him, By what authority doest thou these things? and who gave thee this authority to do these things?
11:29 Jesu akapindura akati kwavari: Iniwo ndichakubvunzai mubvunzo umwe, mundipindure, neni ndichakuudzai kuti ndinoita zvinhu izvozvi nemasimba api.	11:29 And Jesus answered and said unto them, I will also ask of you one question, and answer me, and I will tell you by what authority I do these things.
11:30 Rubhabhatidzo rwaJohwani rwakabva kudenga, kana kuvanhu? Ndipindurei.	11:30 The baptism of John, was it from heaven, or of men? answer me.
11:31 Vakaonesana, vachiti: Kana tikati: Kudenga, uchati: Makagoregerei kumutenda?	11:31 And they reasoned with themselves, saying, If we shall say, From heaven; he will say, Why then did ye not believe him?
11:32 Asi kana tikati: Kuvanhu; vakange vachitya vanhu; nekuti vose vakange vachiverenga Johwani kuti muporofita zvirokwazvo.	11:32 But if we shall say, Of men; they feared the people: for all men counted John, that he was a prophet indeed.
11:33 Vakapindura vachiti kuna Jesu: Hatizivi. Jesu akapindura akati kwavari: Ini handingakuudziyiwo kuti ndinoita zvinhu izvi nesimba ripi.	11:33 And they answered and said unto Jesus, We cannot tell. And Jesus answering saith unto them, Neither do I tell you by what authority I do these things.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
<b>Mark 12</b>	<b>Mark 12</b>
12:1 Zvino wakatanga kutaura kwavari nemifananidzo, achiti: Munhu wakasima munda wemizambiringa, akaisa ruzhowa rwakaukomberedza, akachera pekusvinira waini, akavaka shongwe, akauhaisa* kuvarimi, ndokuenda parwendo.	12:1 And he began to speak unto them by parables. A certain man planted a vineyard, and set an hedge about it, and digged a place for the winefat, and built a tower, and let it out to husbandmen, and went into a far country.
12:2 Nenguva yakafanira, akatumira muranda kuvarimi, kuti agamuchire kubva kuvarimi zvezvibereko zvemunda wemizambiringa.	12:2 And at the season he sent to the husbandmen a servant, that he might receive from the husbandmen of the fruit of the vineyard.
12:3 Vakamubata vakarova, vakamurega achienda asina chinhu.	12:3 And they caught him, and beat him, and sent him away empty.
12:4 Akatumazve kwavari umwe muranda; iye vakamuposhera mambwe, vakamukuvadza mumusoro, vakamurega achienda anyadziswa.	12:4 And again he sent unto them another servant; and at him they cast stones, and wounded him in the head, and sent him away shamefully handled.
12:5 Akatumazve umwe; naiye vakamuuraya; nevamwe vazhinji, vachirova vamwe, nekuuraya vamwe.	12:5 And again he sent another; and him they killed, and many others; beating some, and killing some.
12:6 Naizvozvo wakange achine mwanakomana umwe mudikamwa wake, akamutumirawo kwavari pakupedzisira, achiti: Vachakudza mwanakomana wangu.	12:6 Having yet therefore one son, his wellbeloved, he sent him also last unto them, saying, They will reverence my son.
12:7 Asi varimi ivavo vakataurirana, vachiti: Uyu ndiye mugari wenhaka; uyai ngatimuurayei, nhaka ichava yedu.	12:7 But those husbandmen said among themselves, This is the heir; come, let us kill him, and the inheritance shall be ours.'
12:8 Vakamutora vakauraya, vakaposhera kunze kwemunda wemizambiringa.	12:8 And they took him, and killed him, and cast him out of the vineyard.
12:9 Naizvozvo mwene wemunda wemizambiringa uchaitei? Uchauya akaparadza varimi, akapa munda wemizambiringa kune vamwe.	12:9 What shall therefore the lord of the vineyard do? he will come and destroy the husbandmen, and will give the vineyard unto others.
12:10 Ko hamuna kuverenga here rugwaro urwu runoti: Ibwe vavaki ravakarasha, ndiro rava musoro wekona;	12:10 And have ye not read this scripture; The stone which the builders rejected is become the head of the corner:
12:11 izvozvo zvakaitwa naIshe, uye zvinoshamisa pameso edu?	12:11 This was the Lord's doing, and it is marvellous in our eyes?
12:12 Zvino vakatsvaka kumubata, asi vakatya chaunga; nekuti vaiziva kuti wakange ataura mufananidzo uyu akanangana navo. Vakamusiya vakaenda.	12:12 And they sought to lay hold on him, but feared the people: for they knew that he had spoken the parable against them: and they left him, and went their way.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
12:13 Zvino vatuma kwaari vamwe vevaFarisi nevevaHerodhe, kuti vamubate pakutaura.	12:13 And they send unto him certain of the Pharisees and of the Herodians, to catch him in his words.
12:14 Zvino vakati vauya, vakati kwaari: Mudzidzisi, tinoziva kuti ndimwi wechokwadi, hamuna hanya nemunhu; nekuti hamutariri chimiro chemunhu, asi munodzidzisa nzira yaMwari muchokwadi: Zviri pamutemo kupa Kesari mutero here, kana kwete?	12:14 And when they were come, they say unto him, Master, we know that thou art true, and carest for no man: for thou regardest not the person of men, but teachest the way of God in truth: Is it lawful to give tribute to Caesar, or not?
12:15 Tipe here, kana tirege kupa? Asi iye wakaziva unyepedzeri hwavo, wakati kwavari: Munondiidzirei? Ndivigirei dhenari*, kuti ndione.	12:15 Shall we give, or shall we not give? But he, knowing their hypocrisy, said unto them, Why tempt ye me? bring me a penny, that I may see it.
12:16 Vakariuyisa. Akati kwavari: Mufananidzo uyu nerunyoru urwu ndezvani? Vakati kwaari: ZvaKesari.	12:16 And they brought it. And he saith unto them, Whose is this image and superscription? And they said unto him, Caesar's.
12:17 Jesu akapindura akati kwavari: Dzoserai kuna Kesari zvinhu zvaKesari, nekuna Mwari zvinhu zvaMwari. Vakashamisika naye.	12:17 And Jesus answering said unto them, Render to Caesar the things that are Caesar's, and to God the things that are God's. And they marvelled at him.
12:18 Zvino kwakauya kwaari vaSadhusi, vanoti hakuna kumuka kwevakafa, vakamubvunza vachiti:	12:18 Then come unto him the Sadducees, which say there is no resurrection; and they asked him, saying,
12:19 Mudzidzisi, Mozisi wakatinyorera kuti: Kana mukoma wemunhu akafa, akasiya mukadzi, akasasiya vana, kuti munin'ina wake atore mukadzi wake, amutsire mukoma wake mbeu.	12:19 Master, Moses wrote unto us, If a man's brother die, and leave his wife behind him, and leave no children, that his brother should take his wife, and raise up seed unto his brother.
12:20 Zvino kwakange kune vanakomana vanomwe vemunhu umwe; wekutanga akawana mukadzi, akafa akasasiya mbeu.	12:20 Now there were seven brethren: and the first took a wife, and dying left no seed.
12:21 Wechipiri akamutora, akafa, uyu akasasiyawo mbeu; newechitatu saizvozvo.	12:21 And the second took her, and died, neither left he any seed: and the third likewise.
12:22 Nevanomwe vose vakamutora, vakasasiya mbeu; shure kwevose mukadzi akafawo.	12:22 And the seven had her, and left no seed: last of all the woman died also.
12:23 Naizvozvo pakumuka kwevakafa, kana vachimuka, uchava mukadzi wani kwavari? Nekuti vanomwe vakava naye kuita mukadzi.	12:23 In the resurrection therefore, when they shall rise, whose wife shall she be of them? for the seven had her to wife.
12:24 Jesu akapindura akati kwavari: Hamuna kurashika here naizvozvo, nekuti hamuzivi magwaro kana simba raMwari?	12:24 And Jesus answering said unto them, Do ye not therefore err, because ye know not the scriptures, neither the power of God?

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
12:25 Nekuti kana vachimuka kuvakafa, havawanani, kana kuwaniswa, asi vakaita savatumwa vari kumatenga.	12:25 For when they shall rise from the dead, they neither marry, nor are given in marriage; but are as the angels which are in heaven.
12:26 Zvino maererano nevakafa, kuti vanomutswa, hamuna kurava here mubhuku raMozisi, kuti Mwari wakataura naye sei mugwenzi, achiti: Ndiri Mwari waAbhurahamu, naMwari walsaka, naMwari waJakobho?	12:26 And as touching the dead, that they rise: have ye not read in the book of Moses, how in the bush God spake unto him, saying, I am the God of Abraham, and the God of Isaac, and the God of Jacob?
12:27 Haazi Mwari wevakafa, asi Mwari wevapenyu; imwi naizvozvo marashika kwazvo.	12:27 He is not the God of the dead, but the God of the living: ye therefore do greatly err.
12:28 Zvino umwe wevanyori wakasvika, wakati anzwa vachirangana, achiziva kuti wakange avapindura zvakanaka, akamubvunza achiti: Ndeupi murairo wekutanga kune yose?	12:28 And one of the scribes came, and having heard them reasoning together, and perceiving that he had answered them well, asked him, Which is the first commandment of all?
12:29 Jesu akamupindura, achiti: Wokutanga kumirayiro yose ndiwoyu: Inzwa Israeri, Ishe Mwari wedu, ndiIshe umwe chete!	12:29 And Jesus answered him, The first of all the commandments is, Hear, O Israel; The Lord our God is one Lord:
12:30 Uye ida Ishe Mwari wako nemoyo wako wose, uye nemweya wako wose, uye nefungwa dzako dzose, uye nesimba rako rose. Uyu murairo wekutanga.	12:30 And thou shalt love the Lord thy God with all thy heart, and with all thy soul, and with all thy mind, and with all thy strength: this is the first commandment.
12:31 Newechipiri wakadai ndeuyu: Ida umwe wako sezvaunozvida. Hakuna umwe murairo mukuru kune iyeyi.	12:31 And the second is like, namely this, Thou shalt love thy neighbour as thyself. There is none other commandment greater than these.
12:32 Zvino munyori akati kwaari: Zvakanaka, Mudzidzisi, mareva zvirokwazvo kuti kuna Mwari umwe chete, uye hakuna umwe kunze kwake;	12:32 And the scribe said unto him, Well, Master, thou hast said the truth: for there is one God; and there is none other but he:
12:33 nekumuda nemoyo wose, uye nefungwa dzose, uye nemweya wose, uye nesimba rose, nekuda wekwako sewe, zvinopfuura zvipiriso zvose zvinopiswa nezvibayiro.	12:33 And to love him with all the heart, and with all the understanding, and with all the soul, and with all the strength, and to love his neighbour as himself, is more than all whole burnt offerings and sacrifices.
12:34 Zvino Jesu wakati achimuona kuti wapindura nenjere, akati kwaari: Hausi kure neushe hwaMwari. Kukasava nemunhu shure kweizvozvo wakazotsunga kumubvunza.	12:34 And when Jesus saw that he answered discreetly, he said unto him, Thou art not far from the kingdom of God. And no man after that durst ask him any question.
12:35 Zvino Jesu wakati achidzidzisa mutembere, akapindura akati: Vanyori vanoreva sei kuti Kristu mwanakomana waDhavhidhi?	12:35 And Jesus answered and said, while he taught in the temple, How say the scribes that Christ is the son of David?

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
12:36 Nekuti Dhavhidhi amene wakati neMweya Mutsvene: Ishe wakati kuna Ishe wangu: Gara kuruoko rwangu rwerudyi, kusvikira ndaita vavengi vako chitsiko chetsoka dzako.	12:36 For David himself said by the Holy Ghost, The Lord said to my Lord, Sit thou on my right hand, till I make thine enemies thy footstool.
12:37 Naizvozvo Dhavhidhi amene unomuidza Ishe, ko mwanakomana wake papi? Chaunga chikuru chikamunzwa nemufaro.	12:37 David therefore himself calleth him Lord; and whence is he then his son? And the common people heard him gladly.
12:38 Zvino wakati kwavari padzidziso yake: Chenjerai vanyori, vanoda kufamba nenguvo refu, nekwaziso pamisika,	12:38 And he said unto them in his doctrine, Beware of the scribes, which love to go in long clothing, and love salutations in the marketplaces,
12:39 nezvigarozvemberi mumasingagoge, nezvzvimbo zvakakwirira pazvirairo;	12:39 And the chief seats in the synagogues, and the uppermost rooms at feasts:
12:40 vanodya dzimba dzechirikadzi, uye nekunyepedzera vachiita minyengetero mirefu; ivava vachagamuchira kurashwa kukuru kwazvo.	12:40 Which devour widows' houses, and for a pretence make long prayers: these shall receive greater damnation.
12:41 Jesu akagara pasi akatarisana nechivigiro chezvipo, akatarira kuti chaunga chinokanda sei mari muchivigiro; zvino vafumi vazhinji vakange vachikanda zvizhinji.	12:41 And Jesus sat over against the treasury, and beheld how the people cast money into the treasury: and many that were rich cast in much.
12:42 Zvino kwakasvika imwe chirikadzi murombo, ikakanda tumari twemhangura tuviri tuduku, ndiro kobiri.	12:42 And there came a certain poor widow, and she threw in two mites, which make a farthing.
12:43 Akadanira vadzidzi vake kwaari, akati kwavari: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Chirikadzi iyi murombo yakanda zvizhinji kupfuura vose vakanda muchivigiro chezvipo;	12:43 And he called unto him his disciples, and saith unto them, Verily I say unto you, That this poor widow hath cast more in, than all they which have cast into the treasury:
12:44 nekuti vose vakanda pamuraudziro wavo; asi iye paurombo hwake wakanda zvose zvaanazvo, zvose zveupenyu hwake.	12:44 For all they did cast in of their abundance; but she of her want did cast in all that she had, even all her living.
<b>Mark 13</b>	<b>Mark 13</b>
13:1 Zvino wakati achibuda mutembere, umwe wevadzidzi vake wakati kwaari: Mudzidzisi, tarirai mabwe rudzii, nezvivakwa rudzii!	13:1 And as he went out of the temple, one of his disciples saith unto him, Master, see what manner of stones and what buildings are here!
13:2 Jesu achipindura akati kwaari: Unoona zvivakwa izvi zvikuru here? Hakungasiwi ibwe pamusoro pebwe, risingazoputsirwi pasi.	13:2 And Jesus answering said unto him, Seest thou these great buildings? there shall not be left one stone upon another, that shall not be thrown down.



SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
13:3 Zvino wakati agara pagomo reMiorivhi, pakatarisana netembere, Petro, naJakobho, naJohwani, naAndiriya vakamubvunza vari vega, vachiti:	13:3 And as he sat upon the mount of Olives over against the temple, Peter and James and John and Andrew asked him privately,
13:4 Tiudzei, izvozvi zvichagova rinhi? Nechiratidzo chii kana izvozvi zvose zvozadziswa?	13:4 Tell us, when shall these things be? and what shall be the sign when all these things shall be fulfilled?
13:5 Zvino Jesu achivapindura akatanga kuti: Chenjerai kusava neunokutsausai.	13:5 And Jesus answering them began to say, Take heed lest any man deceive you:
13:6 Nekuti vazhinji vachauya muzita rangu, vachiti: Ndini iye, vachazotsausa vazhinji.	13:6 For many shall come in my name, saying, I am Christ; and shall deceive many.
13:7 Asi kana muchinzwa zvehondo, nerunyerekupe rwehondo, musakanganiswa nekuti zvinofanira kumboitika; asi kuguma kuchigere.	13:7 And when ye shall hear of wars and rumours of wars, be ye not troubled: for such things must needs be; but the end shall not be yet.
13:8 Nekuti rudzi ruchamukira rudzi; neushe huchamukira ushe; uye kuchava nekudengenyika kwenyika kunzvimbo dzakasiyana siyana, uye kuchava nenzara, nematambudziko; izvi kutanga kwekurwadziwa.	13:8 For nation shall rise against nation, and kingdom against kingdom: and there shall be earthquakes in divers places, and there shall be famines and troubles: these are the beginnings of sorrows.
13:9 Zvichenjererei imwi, nekuti vachakukumikidzai kumatare emakurukota, uye mumasinagoge mucharohwa, uye muchauyiswa pamberi pevatongi nemadzimambo nekuda kwangu, chive chapupu kwavari.	13:9 But take heed to yourselves: for they shall deliver you up to councils; and in the synagogues ye shall be beaten: and ye shall be brought before rulers and kings for my sake, for a testimony against them.
13:10 Uye evhangeri inofanira kutanga kuparidzirwa kumarudzi ose.	13:10 And the gospel must first be published among all nations.
13:11 Asi kana vachikuuyisai vachikutengesai, musafunganya pakutanga zvamuchataura kana kufanorangirira, asi chero zvamunenge mapiwa nenguva iyo taurai izvozvo; nekuti hamusi imwi munotaura, asi Mweya Mutsvene.	13:11 But when they shall lead you, and deliver you up, take no thought beforehand what ye shall speak, neither do ye premeditate: but whatsoever shall be given you in that hour, that speak ye: for it is not ye that speak, but the Holy Ghost.
13:12 Zvino mukoma uchatengesera munin'ina kurufu, nababa mwanakomana; nevana vachamukira vabereki nekuvaurayisa;	13:12 Now the brother shall betray the brother to death, and the father the son; and children shall rise up against their parents, and shall cause them to be put to death.
13:13 uye muchavengwa nevole nekuda kwezita rangu; asi unotsungirira kusvikira pakuguma, ndiye uchaponeswa.	13:13 And ye shall be hated of all men for my name's sake: but he that shall endure unto the end, the same shall be saved.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
13:14 Zvino kana muchiona nyangadzi yekuparadza yakataurwa naDhanyeri muporofita, imire paisingafaniri (unorava ngaanzwisise), zvino vari muJudhiya ngavatizire kumakomo;	13:14 But when ye shall see the abomination of desolation, spoken of by Daniel the prophet, standing where it ought not, (let him that readeth understand,) then let them that be in Judaea flee to the mountains:
13:15 neuri pamusoro pedenga reimba ngaarege kuburukira mumba, kana kupinda kunotora chinhu mumba make.	13:15 And let him that is on the housetop not go down into the house, neither enter therein, to take any thing out of his house:
13:16 Neuri mumunda ngaarege kutendeukira shure kunotora nguvo yake.	13:16 And let him that is in the field not turn back again for to take up his garment.
13:17 Asi vachaona nhamo avo vane mimba neavo vanomwisa nemazuva iwayo!	13:17 But woe to them that are with child, and to them that give suck in those days!
13:18 Asi nyengeterai kuti kutiza kwenyu kurege kuva muchando.	13:18 And pray ye that your flight be not in the winter.
13:19 Nekuti mumazuva iwayo kuchavapo kutambudzika, kwakadaro kusati kwambovapo kubva pakutanga kwezvisikwa Mwari zvaakasika kusvikira zvino, uye hakuchazovipo.	13:19 For in those days shall be affliction, such as was not from the beginning of the creation which God created unto this time, neither shall be.
13:20 Dai Ishe asina kuatapudza mazuva, hakuna chero nyama yaiponeswa; asi nekuda kwevasanangurwa, vaakanangura, wakaatapudza mazuva.	13:20 And except that the Lord had shortened those days, no flesh should be saved: but for the elect's sake, whom he hath chosen, he hath shortened the days.
13:21 Uye ipapo kana munhu achiti kwamuri: Tarirai, Kristu pano; kana: Tarirai apo, musatenda;	13:21 And then if any man shall say to you, Lo, here is Christ; or, lo, he is there; believe him not:
13:22 nekuti vana Kristu venhema, nevaporofoita venhema vachamuka, vagoratidza zviratidzo nezvishamiso, kuti vatsause, kana zvichibvira, kunyange vasanangurwa.	13:22 For false Christs and false prophets shall rise, and shall shew signs and wonders, to seduce, if it were possible, even the elect.
13:23 Asi chenjerai imwi; tarirai, ndagara ndakuudzai zvinhu zvose.	13:23 But take ye heed: behold, I have foretold you all things.
13:24 Asi nemazuva iwayo, shure kwekutambudzika ikoko, zuva richasvibiswa, nemwedzi hauchazopi chiedza chawo,	13:24 But in those days, after that tribulation, the sun shall be darkened, and the moon shall not give her light,
13:25 nenyeredzi dzekudenga dzichawa, nemasimba ari kumatenga achazungunuswa.	13:25 And the stars of heaven shall fall, and the powers that are in heaven shall be shaken.
13:26 Ipapo vachaona Mwanakomana wemunhu achiuya mumakore ane simba guru nekubwinya,	13:26 And then shall they see the Son of man coming in the clouds with great power and glory.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
13:27 ipapo uchatuma vatumwa vake, vagounganidza pamwe vasanangurwa vake kubva kumhepo ina, kubva kumugumo wenyika kusvikira kumugumo wedenga.	13:27 And then shall he send his angels, and shall gather together his elect from the four winds, from the uttermost part of the earth to the uttermost part of heaven.
13:28 Zvino dzidzai mufananidzo kubva pamuonde; kana davi rawo rava ikozvino nyoro, richitunga mashizha, munoziva kuti zhizha raswedera.	13:28 Now learn a parable of the fig tree; When her branch is yet tender, and putteth forth leaves, ye know that summer is near:
13:29 Saizvozvo imwiwo, kana muchiona zvinhu izvi zvichiitika, zivai kuti zvava pedo wava pamukova.	13:29 So ye in like manner, when ye shall see these things come to pass, know that it is nigh, even at the doors.
13:30 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Zera iri haringatongopfuuri, kusvikira zvinhu izvi zvose zvaitika.	13:30 Verily I say unto you, that this generation shall not pass, till all these things be done.
13:31 Denga nenyika zvichapfuura; asi mashoko angu haangatongopfuuri.	13:31 Heaven and earth shall pass away: but my words shall not pass away.
13:32 Asi zvezuva iro nenguva, hakuna unoziva, kunyange vatumwa vari kudenga, kunyange Mwanakomana, kunze kwaBaba.	13:32 But of that day and that hour knoweth no man, no, not the angels which are in heaven, neither the Son, but the Father.
13:33 Chenjerai, murinde, munyengetere; nekuti hamuzivi kuti nguva ndeyarini.	13:33 Take ye heed, watch and pray: for ye know not when the time is.
13:34 Semunhu wakafamba rwendo, akasiya imba yake, akapa simba kuvaranda vake, kune umwe neumwe basa rake, akarairawo murindi wemukova kuti arinde.	13:34 For the Son of Man is as a man taking a far journey, who left his house, and gave authority to his servants, and to every man his work, and commanded the porter to watch.
13:35 Naizvozvo rindai; nekuti hamuzivi kuti mwene weimba unouya rinhi, manheru, kana pakati pousiku, kana pakurira kwejongwe, kana mangwanani;	13:35 Watch ye therefore: for ye know not when the master of the house cometh, at even, or at midnight, or at the cockcrowing, or in the morning:
13:36 kuti arege kuerekana auya, akakuwanai muvete.	13:36 Lest coming suddenly he find you sleeping.
13:37 Nezvandinotaura kwamuri, ndinotaurira vose: Rindai.	13:37 And what I say unto you I say unto all, Watch.
<b>Mark 14</b>	<b>Mark 14</b>
14:1 Shure kwemazuva maviri kwaiva nepasika nomutambo wechingwa chisina mbiriso; vapristi vakuru nevanyori ndokutsvaka kuti vangamubata sei neumhare vamuuraye.	14:1 After two days was the feast of the passover, and of unleavened bread: and the chief priests and the scribes sought how they might take him by craft, and put him to death.
14:2 Asi vakati: Kwete pamutambo, zvimwe kungava nebongozozo revanhu.	14:2 But they said, Not on the feast day, lest there be an uproar of the people.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
14:3 Zvino wakati ari paBhetaniya, mumba maSimoni wamaperembudzi, agere pakudya, kwakauya mukadzi, ane chinu chearibhasiteri* chechizoro chenaridho* chakakosha zvikuru; akaputsa chinu chearibhasiteri, akachidurura pamusoro wake.	14:3 And being in Bethany in the house of Simon the leper, as he sat at meat, there came a woman having an alabaster box of ointment of spikenard very precious; and she brake the box, and poured it on his head.
14:4 Asi kwaiva nevamwe vakatsamwa mukati mavo, vakati: Kutambisa ikoku kwechizoro kwaitirwei?	14:4 And there were some that had indignation within themselves, and said, Why was this waste of the ointment made?
14:5 Nekuti ichi chingadai chatengeswa nemadhenari* anopfuura mazana matatu, akapiwa varombo. Vakamutsutsumwira.	14:5 For it might have been sold for more than three hundred pence, and have been given to the poor. And they murmured against her.
14:6 Asi Jesu wakati: Musiyei; munomotambudzirei? Wanditira basa rakanaka.	14:6 And Jesus said, Let her alone; why trouble ye her? she hath wrought a good work on me.
14:7 Nekuti varombo munavo nguva dzose, uye nguva ipi neipi yamunoda, munogona kuvaitira zvakanaka; asi ini hamuneni nguva dzose.	14:7 For ye have the poor with you always, and whensoever ye will ye may do them good: but me ye have not always.
14:8 Waita zvaanogona; wakagara azodzera muviri wangu kuvigwa.	14:8 She hath done what she could: she is come aforehand to anoint my body to the burying.
14:9 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Kose kose kunozoparidzirwa evhangeri iyi panyika yose, zvaakaitawo zvicharehwa, chive chirangaridzo chake.	14:9 Verily I say unto you, Wheresoever this gospel shall be preached throughout the whole world, this also that she hath done shall be spoken of for a memorial of her.
14:10 Zvino Judhasi Isikariyoti, umwe wevanegumi nevaviri, wakaenda kuvaprisita vakuru, kuti amutengese kwavari.	14:10 And Judas Iscariot, one of the twelve, went unto the chief priests, to betray him unto them.
14:11 Uye vakati vachizvinzwa, vakafara, vakavimbisa kumupa mari. Akatsvaka kuti ungamutengesa sei panguva yakafanira.	14:11 And when they heard it, they were glad, and promised to give him money. And he sought how he might conveniently betray him.
14:12 Nezuva rekutanga rechingwa chisina mbiriso, pavaibaya pasika, vadzidzi vake vakati kwaari: Ndekupi kwamunoda kuti tiende kunogadzirira kuti mudye pasika?	14:12 And the first day of unleavened bread, when they killed the passover, his disciples said unto him, Where wilt thou that we go and prepare that thou mayest eat the passover?
14:13 Akatuma vaviri vevadzidzi vake, akati kwavari: Endai muguta, ipapo munhu uchasangana nemwi akatakura chirongo chemvura; mumutevere,	14:13 And he sendeth forth two of his disciples, and saith unto them, Go ye into the city, and there shall meet you a man bearing a pitcher of water: follow him.
14:14 uye chero paanenge apinda, muti kumwene weimba: Mudzidzisi wati: Imba yevaeni iripi, pandichadyira pasika nevadzidzi vangu?	14:14 And wheresoever he shall go in, say ye to the goodman of the house, The Master saith, Where is the guestchamber, where I shall eat the passover with my disciples?

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
14:15 Uye iye uchakutaridzai imba huru yekumusoro yakarongedzwa, yakagadzirwa; tigadzirirei ipapo.	14:15 And he will shew you a large upper room furnished and prepared: there make ready for us.
14:16 Vadzidzi vake vakabuda, vakasvika muguta, vakawana sezvaakange areva kwavari; vakagadzirira pasika.	14:16 And his disciples went forth, and came into the city, and found as he had said unto them: and they made ready the passover.
14:17 Kuzoti ava madekwani akasvika nevanegumi nevaviri.	14:17 And in the evening he cometh with the twelve.
14:18 Zvino vakati vagara vachidya, Jesu akati: Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Umwe wenyu unodya neni uchanditengesa.	14:18 And as they sat and did eat, Jesus said, Verily I say unto you, One of you which eateth with me shall betray me.
14:19 Ndokubva vatanga kushungurudzika, umwe neumwe akati kwaari: Zirokwazvo handisi ini here? neumwe: Zvirokwazvo handisi ini here?	14:19 And they began to be sorrowful, and to say unto him one by one, Is it I? and another said, Is it I?
14:20 Asi wakapindura akati kwavari: Umwe wevanegumi nevaviri, unoseva neni mundiro.	14:20 And he answered and said unto them, It is one of the twelve, that dippeth with me in the dish.
14:21 Mwanakomana wemunhu unoenda zvirokwazvo, sezvazvakanyorwa pamusoro pake; asi une nhamo munhu uyo, Mwanakomana wemunhu waanotengeswa naye! Zvaiva nani kwaari kana munhu uyo aiva asina kuzvarwa.	14:21 The Son of man indeed goeth, as it is written of him: but woe to that man by whom the Son of man is betrayed! good were it for that man if he had never been born.
14:22 Zvino vakati vachidya, Jesu akatora chingwa, akaropafadza, akamedura, ndokupa kwavari, akati: Torai, idyai, ichi ndicho muviri wangu.	14:22 And as they did eat, Jesus took bread, and blessed, and brake it, and gave to them, and said, Take, eat: this is my body.
14:23 Akatora mukombe, akati avonga akapa kwavari, vakamwa vose pauri.	14:23 And he took the cup, and when he had given thanks, he gave it to them: and they all drank of it.
14:24 Zvino akati kwavari: Iri iropa rangu, iro resungano itsva, rinoteurirwa vazhinji.	14:24 And he said unto them, This is my blood of the new testament, which is shed for many.
14:25 Zvirokwazvo ndinoti kwamuri: Handichazotongomwi zvechibereko chemuzambiringa, kusvikira zuva iro randichazochimwa naro chava chitsva muushe hwaMwari.	14:25 Verily I say unto you, I will drink no more of the fruit of the vine, until that day that I drink it new in the kingdom of God.
14:26 Zvino vakati vaimba rwiyo rwekurumbidza vakabuda vakaenda kugomo reMiorivhi.	14:26 And when they had sung an hymn, they went out into the mount of Olives.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
14:27 Zvino Jesu akati kwavari: Mose muchagumburwa nekuda kwangu usiku huno, nekuti kwakanyorwa kuchinzi: Ndicharova mufudzi, makwai agopararira.	14:27 And Jesus saith unto them, All ye shall be offended because of me this night: for it is written, I will smite the shepherd, and the sheep shall be scattered.
14:28 Asi shure kwekumutswa kwangu, ndichatungamira kuenda kuGarirea.	14:28 But after that I am risen, I will go before you into Galilee.
14:29 Asi Petro akati kwaari: Kunyange vose vakagumburwa, asi kwete ini.	14:29 But Peter said unto him, Although all shall be offended, yet will not I.
14:30 Jesu ndokuti kwaari: Zvirokwazvo ndinoti kwaari: Nhasi, neusiku huno, jongwe risati rarira kaviri, uchandiramba katatu.	14:30 And Jesus saith unto him, Verily I say unto thee, That this day, even in this night, before the cock crow twice, thou shalt deny me thrice.
14:31 Asi iye wakareva zvakanyanya kusimba, achiti: Kunyange ndikatofanira kufa nemwi, handingatongokurambiyi. Nevo sewo vakadaro.	14:31 But he spake the more vehemently, If I should die with thee, I will not deny thee in any wise. Likewise also said they all.
14:32 Zvino vakasvika panzvimbo yainzi Getsemani; akati kuvadzidzi vake: Garai pano, ndichindonyengetera.	14:32 And they came to a place which was named Gethsemane: and he saith to his disciples, Sit ye here, while I shall pray.
14:33 Akatora pamwe naye Petro naJakobho naJohwani, akatanga kuvhunduka nekunetseka zvikuru.	14:33 And he taketh with him Peter and James and John, and began to be sore amazed, and to be very heavy;
14:34 Akati kwavari: Mweya wangu unoshungurudzika kwazvo kusvikira pakufa; garai pano murinde.	14:34 And saith unto them, My soul is exceeding sorrowful unto death: tarry ye here, and watch.
14:35 Akapfuura zvishoma, akawira pasi, akanyengetera, kuti kana zvaibvira, nguva ipfuure kwaari.	14:35 And he went forward a little, and fell on the ground, and prayed that, if it were possible, the hour might pass from him.
14:36 Zvino akati: Abha*, Baba, zvinhu zvose zvinogoneka kwamuri. Bvisai mukombe uyu kwandiri, asi kwete zvandinoda ini, asi zvamunoda imwi.	14:36 And he said, Abba, Father, all things are possible unto thee; take away this cup from me: nevertheless not what I will, but what thou wilt.
14:37 Zvino akasvika, akavawana vavete; akati kuna Petro: Simoni, uvete here? Wakonewa kurinda awa rimwe here?	14:37 And he cometh, and findeth them sleeping, and saith unto Peter, Simon, sleepest thou? couldest not thou watch one hour?
14:38 Rindai munyengetere, kuti murege kupinda mumuedzo. Mweya unoda hawo, asi nyama ine utera.	14:38 Watch ye and pray, lest ye enter into temptation. The spirit truly is ready, but the flesh is weak.
14:39 Akaendazve, akanyengetera achireva mashoko mwamwechete.	14:39 And again he went away, and prayed, and spake the same words.
14:40 Zvino paakadzoka, akavawana vavatazve, nekuti meso avo akange orema; vakasaziva zvavangamupindura.	14:40 And when he returned, he found them asleep again, (for their eyes were heavy,) neither wist they what to answer him.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
14:41 Akauya rwechitatu, akati kwavari: Chirambai muvete zvino muzorore. Zvaringana; nguva yasvika; tarirai, Mwanakomana wemunhu wokumikidzwa mumaoko avatadzi.	14:41 And he cometh the third time, and saith unto them, Sleep on now, and take your rest: it is enough, the hour is come; behold, the Son of man is betrayed into the hands of sinners.
14:42 Simukai, tiende; tarirai, wonditengesa wava pedo.	14:42 Rise up, let us go; lo, he that betrayeth me is at hand.
14:43 Pakarepo achataura, Judhasi akasvika, umwe wevanegumi nevaviri, chaunga chikuru chinaye chine minondo netsvimbo, chichibva kuvapristi vakuru nevanyori nevakuru.	14:43 And immediately, while he yet spake, cometh Judas, one of the twelve, and with him a great multitude with swords and staves, from the chief priests and the scribes and the elders.
14:44 Zvino iye wakamutengesa wakange avapa chiratidzo, achiti: Uyo wandinongotsvoda ndiye; mumutore muende naye makamuchengetedza.	14:44 And he that betrayed him had given them a token, saying, Whomsoever I shall kiss, that same is he; take him, and lead him away safely.
14:45 Zvino wakati asvika, pakarepo akaswadera kwaari akati: Rabhi*! Rabhi! Akamutsvoda.	14:45 And as soon as he was come, he goeth straightway to him, and saith, Master, master; and kissed him.
14:46 Vakabva vaisa maoko avo kwaari, vakamubata.	14:46 And they laid their hands on him, and took him.
14:47 Zvino umwe wevakange vamirepo wakavhomora munondo akatema muranda wemupristi mukuru, akagura nzeve yake.	14:47 And one of them that stood by drew a sword, and smote a servant of the high priest, and cut off his ear.
14:48 Zvino Jesu akapindura akati kwavari: Mabuda semakanangana negororo neminondo netsvimbo kuzondibata here?	14:48 And Jesus answered and said unto them, Are ye come out, as against a thief, with swords and with staves to take me?
14:49 Ndakange ndinemwi mutembere zuva nezuva ndichidzidzisa, asi hamuna kundibata, asi izvi zvaitwa kuti magwaro azadziswe.	14:49 I was daily with you in the temple teaching, and ye took me not: but the scriptures must be fulfilled.
14:50 Vose ndokumusiya vakatiza.	14:50 And they all forsook him, and fled.
14:51 Zvino rimwe jaya rakamutevera, rakamonera mucheka werineni rakashama. Majaya akaribata;	14:51 And there followed him a certain young man, having a linen cloth cast about his naked body; and the young men laid hold on him:
14:52 ndokubva rasiya mucheka werineni, rikavatiza rakashama.	14:52 And he left the linen cloth, and fled from them naked.
14:53 Zvino vakaendesa Jesu kumupristi mukuru; vakaunganira kwaari vapristi vakuru vose nevakuru nevanyori.	14:53 And they led Jesus away to the high priest: and with him were assembled all the chief priests and the elders and the scribes.
14:54 Petro akamutevera ari kure kusvikira mukati meruvanze rwomupristi mukuru; akange agere pamwe nevaranda, achidziya moto.	14:54 And Peter followed him afar off, even into the palace of the high priest: and he sat with the servants, and warmed himself at the fire.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
14:55 Zvino vapristi vakuru nedare rose remakurukota vakatsvaka uchapupu hwakanangana naJesu, kuti vamuuraye; asi havana kuhuwana.	14:55 And the chief priests and all the council sought for witness against Jesus to put him to death; and found none.
14:56 Nekuti vazhinji vaimupupurira nhema, asi uchapupu hauna kupindirana.	14:56 For many bare false witness against him, but their witness agreed not together.
14:57 Ndokubva kwasimuka vamwe vakamupupurira nhema vachiti:	14:57 And there arose certain, and bare false witness against him, saying,
14:58 Isu takamunzwa achiti: Ini ndichaputsa tembere iyi yakaitwa nemaoko, uye mumazuva matatu ndichavaka imwe isina kuitwa nemaoko.	14:58 We heard him say, I will destroy this temple that is made with hands, and within three days I will build another made without hands.
14:59 Asi kunyange zvakadaro uchapupu hwavo hauna kupindirana.	14:59 But neither so did their witness agree together.
14:60 Zvino mupristi mukuru akasimuka pakati pavo, akabvunza Jesu, achiti: Haupinduri chinhu here? Vanopupurei ava chakanangana newe?	14:60 And the high priest stood up in the midst, and asked Jesus, saying, Answerest thou nothing? what is it which these witness against thee?
14:61 Asi wakanyarara, akasapindura chinhu. Mupristi mukuru akamubvunzazve, akati kwaari: Iwe uri Kristu, Mwanakomana woWakaropafadzwa here?	14:61 But he held his peace, and answered nothing. Again the high priest asked him, and said unto him, Art thou the Christ, the Son of the Blessed?
14:62 Jesu akati: Ndini iye. Uye muchaona Mwanakomana wemunhu agere kuruoko rwerudyi rwesimba, achiuya nemakore ekudenga.	14:62 And Jesus said, I am: and ye shall see the Son of man sitting on the right hand of power, and coming in the clouds of heaven.
14:63 Mupristi mukuru ndokubvarura nguvo dzake akati: Tichadirei zvapupu?	14:63 Then the high priest rent his clothes, and saith, What need we any further witnesses?
14:64 Manzwa kunyomba; munofungei? Zvino vose vakamurasha kuti ave nemhosva yerufu.	14:64 Ye have heard the blasphemy: what think ye? And they all condemned him to be guilty of death.
14:65 Vamwe vakatanga kumupfira, nekufukidza chiso chake, nekumurova netsiva, nekuti kwaari: Porofita! Varanda vakamurova nembama dzamaoko avo.	14:65 And some began to spit on him, and to cover his face, and to buffet him, and to say unto him, Prophecy: and the servants did strike him with the palms of their hands.
14:66 Zvino Petro achiri paruvanze pasi, pakasvika umwe wevarandakadzi vemupristi mukuru;	14:66 And as Peter was beneath in the palace, there cometh one of the maids of the high priest:
14:67 achiona Petro achizvidziyisa, akamutarira akati: Iwewo wakange una Jesu weNazareta.	14:67 And when she saw Peter warming himself, she looked upon him, and said, And thou also wast with Jesus of Nazareth.
14:68 Asi wakaramba, achiti: Handizivi kana kunzwisisa zvaunoreva. Akabuda panze akaenda kumusuwo; jongwe rikarira.	14:68 But he denied, saying, I know not, neither understand I what thou sayest. And he went out into the porch; and the cock crew.



SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
14:69 Zvino murandakadzi akamuonazve, akatanga kuti kuna vakange vamirepo: Uyu ndewavo.	14:69 And a maid saw him again, and began to say to them that stood by, This is one of them.
14:70 Asi wakarambazve. Zvino shure kwechinguvana, vakange vamirepo vakatizve kuna Petro: Zvirokwazvo, uri wavo, nekuti newe uri muGarirea nemutauro wako unotenderana nazvo.	14:70 And he denied it again. And a little after, they that stood by said again to Peter, Surely thou art one of them: for thou art a Galilaeen, and thy speech agreeth thereto.
14:71 Akatanga kupa rushambwa nekupika, achiti: Handimuzivi munhu uyu wamunoreva.	14:71 But he began to curse and to swear, saying, I know not this man of whom ye speak.
14:72 Zvino jongwe rikarira rwechipiri. Petro ndokurangarira shoko Jesu raakange areva kwaari rekuti: Jongwe risati rarira kaviri, uchandiramba katatu. Zvino wakati achifunga izvozvo akachema.	14:72 And the second time the cock crew. And Peter called to mind the word that Jesus said unto him, Before the cock crow twice, thou shalt deny me thrice. And when he thought thereon, he wept.
<b>Mark 15</b>	<b>Mark 15</b>
15:1 Zvino pakarepo mangwanani-ngwanani vapristi vakuru vakaita zano nevakuru nevanyori nedare remakurukota rose, vakasunga Jesu, vakamutakura, vakamukumikidza kuna Pirato.	15:1 And straightway in the morning the chief priests held a consultation with the elders and scribes and the whole council, and bound Jesus, and carried him away, and delivered him to Pilate.
15:2 Pirato ndokumubvunza achiti: Iwe uri Mambo wevaJudha here? Akapindura, akati kwaari: Unoreva iwe.	15:2 And Pilate asked him, Art thou the King of the Jews? And he answering said unto them, Thou sayest it.
15:3 Vapristi vakuru vakamupomera zvinhu zvizhinji, asi iye haana kupindura chinhu.	15:3 And the chief priests accused him of many things: but he answered nothing.
15:4 Pirato akamubvunzazve achiti: Hauptinduri chinhu here? Tarira, zvinhu zvingani zvanokupupurira!	15:4 And Pilate asked him again, saying, Answerest thou nothing? behold how many things they witness against thee.
15:5 Asi Jesu haana kuzopindurazve chinhu, zvekuti Pirato wakashamisika.	15:5 But Jesus yet answered nothing; so that Pilate marvelled.
15:6 Zvino pamabiko waivasunungurira musungwa umwe, chero upi wavanenge vakumbira.	15:6 Now at that feast he released unto them one prisoner, whomsoever they desired.
15:7 Zvino kwakange kune wainzi Bharabhasi, akasungwa pamwe nevakange vamutsa mhirizhonga naye, vakange vaita umhondi pamhirizhonga iyoyo.	15:7 And there was one named Barabbas, which lay bound with them that had made insurrection with him, who had committed murder in the insurrection.
15:8 Zvino chaunga chakadanidzira, vakatanga kukumbira kuti aite sezvaigarovaitira.	15:8 And the multitude crying aloud began to desire him to do as he had ever done unto them.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
15:9 Asi Pirato akavapindura, achiti: Munoda kuti ndikusunungurirei Mambo wevaJudha here?	15:9 But Pilate answered them, saying, Will ye that I release unto you the King of the Jews?
15:10 Nekuti wakange achiziva kuti vapristi vakuru vakange vamutengesa negodo.	15:10 For he knew that the chief priests had delivered him for envy.
15:11 Asi vapristi vakuru vakamutsa chaunga, kuti zviru nani avasunungurire Bharabhasi.	15:11 But the chief priests moved the people, that he should rather release Barabbas unto them.
15:12 Pirato akapindura akatizve kwavari: Naizvozvo munoda kuti ndimuitirei, wamunoti ndiMambo wevaJudha?	15:12 And Pilate answered and said again unto them, What will ye then that I shall do unto him whom ye call the King of the Jews?
15:13 Vakadanidzirazve vachiti: Murovere pamuchinjikwa!	15:13 And they cried out again, Crucify him.
15:14 Asi Pirato akati kwavari: Nemhaka yei? Wakaita chakaipa chei? Vakanyanyisa kudanidzira vachiti: Murovere pamuchinjikwa!	15:14 Then Pilate said unto them, Why, what evil hath he done? And they cried out the more exceedingly, Crucify him.
15:15 Zvino Pirato, achida kuti agutse chaunga, akavasunungurira Bharabhasi; ndokukumikidza Jesu, amurova netyava, kuti arovererwe pamuchinjikwa.	15:15 And so Pilate, willing to content the people, released Barabbas unto them, and delivered Jesus, when he had scourged him, to be crucified.
15:16 Zvino mauto akamuisa mukati meruvanze, rwunova imba yemutungamiriri, akadanira hondo yose pamwe;	15:16 And the soldiers led him away into the hall, called Praetorium; and they call together the whole band.
15:17 vakamupfekedza zvine ruvara rwehute, vakaruka korona yemhinzwa, vakaisa paari.	15:17 And they clothed him with purple, and platted a crown of thorns, and put it about his head,
15:18 Vakatanga kumukwazisa, vachiti: Hekanhi, Mambo wevaJudha!	15:18 And began to salute him, Hail, King of the Jews!
15:19 Vakamurova musoro norutsanga, vakamupfira, vakafugama mabvi, vakamunamata.	15:19 And they smote him on the head with a reed, and did spit upon him, and bowing their knees worshipped him.
15:20 Zvino vakati vamusweveredza, vakamubvisa zveruvara rwehute, ndokumupfekedza nguvo dzake pachake, vakabuda naye kundumoverera pamuchinjikwa.	15:20 And when they had mocked him, they took off the purple from him, and put his own clothes on him, and led him out to crucify him.
15:21 Vakamanikidza umwe waipfuura wainzi Simoni muKurini, achibva kuruwa, baba vaArekizandiro naRufo, kuti atakure muchinjikwa wake.	15:21 And they compel one Simon a Cyrenian, who passed by, coming out of the country, the father of Alexander and Rufus, to bear his cross.
15:22 Vakamuisa kunzvimbo yainzi Gorogota, ndokuti kana zvichishandurwa: Nzvimbo yedehenya.	15:22 And they bring him unto the place Golgotha, which is, being interpreted, The place of a skull.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
15:23 Vakamupa waini yakavhenganiswa nemura kuti amwe, asi haana kugamuchira.	15:23 And they gave him to drink wine mingled with myrrh: but he received it not.
15:24 Zvino vakati vamuroverera pamuchinjikwa, vakagovana nguvo dzake, vachikanda mujenya pamusoro padzo, kuti umwe neumwe uchatorei.	15:24 And when they had crucified him, they parted his garments, casting lots upon them, what every man should take.
15:25 Rakange rava awa rechitatu, vakabva vamuroverera pamuchinjikwa.	15:25 And it was the third hour, and they crucified him.
15:26 Nerugwaro rwemhosva yake rwakange rwakanyorwa pamusoro, ruchiti: MAMBO WEVAJUDHA.	15:26 And the superscription of his accusation was written over, The King Of The Jews.
15:27 Pamwe naye vakaroverera pamuchinjikwa makororo maviri, umwe kuruoko rwerudyi, neumwe kuruboshwe rwake.	15:27 And with him they crucify two thieves; the one on his right hand, and the other on his left.
15:28 Rugwaro rukazadzisika, rwunoti: Wakaverengwa pamwe nevasina murairo.	15:28 And the scripture was fulfilled, which saith, And he was numbered with the transgressors.
15:29 Nevaipfuura vakamunyomba, vachidzungudza misoro yavo, vachiti: Ehe-e, iwe unoputsa tembere, nekuivaka nemazuva matatu,	15:29 And they that passed by railed on him, wagging their heads, and saying, Ah, thou that destroyest the temple, and buildest it in three days,
15:30 zviponese, uburuke pamuchinjikwa!	15:30 Save thyself, and come down from the cross.
15:31 Saizvozvo vapristiwo vakuru vakamusweveredza pamwe nevanyori pakati pavo, vachiti: Wakaponesa vamwe, iye haagani kuzviponesa.	15:31 Likewise also the chief priests mocking said among themselves with the scribes, He saved others; himself he cannot save.
15:32 Kristu Mambo walsraeri ngaaburuke ikozvino pamuchinjikwa, kuti tione titende. Nevakange varovererwa pamuchinjikwa pamwe naye vakamunyomba.	15:32 Let Christ the King of Israel descend now from the cross, that we may see and believe. And they that were crucified with him reviled him.
15:33 Zvino awa rechitanhatu rakati rasvika, rima rikavapo panyika yose kusvikira paawa repfumbamwe.	15:33 And when the sixth hour was come, there was darkness over the whole land until the ninth hour.
15:34 Zvino neawa repfumbamwe, Jesu akadana nenzwi guru, achiti: "Eroi, Eroi, rama Sabhakitani!" Ndokuti, kana zvichishandurwa: Mwari wangu, Mwari wangu, mandisiirei?	15:34 And at the ninth hour Jesus cried with a loud voice, saying, Eloi, Eloi, lama sabachthani? which is, being interpreted, My God, my God, why hast thou forsaken me?
15:35 Vamwe vevakange vamirepo vakati vachizvinzwa, vakati: Tarirai, unodana Eria.	15:35 And some of them that stood by, when they heard it, said, Behold, he calleth Elias.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
15:36 Ipapo umwe wakamhanya, akazadza chipanje nevhiniga, akaisa parutsanga, akamupa kuti amwe, achiti: Regai, tione kana Eria achiuya kumuburusa.	15:36 And one ran and filled a sponge full of vinegar, and put it on a reed, and gave him to drink, saying, Let alone; let us see whether Elias will come to take him down.
15:37 Ipapo Jesu akadanidzira nenzwi guru akapa mweya.	15:37 And Jesus cried with a loud voice, and gave up the ghost.
15:38 Vheiri retembere rikabvaruka kuita mapandi maviri, kubva kumusoro kusvikira pasi.	15:38 And the veil of the temple was rent in twain from the top to the bottom.
15:39 Zvino mukuru wezana wakange amirepo pakatarisana naye, wakati achiona kuti wadanidzira akapa mweya, akati: Zvirokwasvo, munhu uyu wanga ari Mwanakomana waMwari.	15:39 And when the centurion, which stood over against him, saw that he so cried out, and gave up the ghost, he said, Truly this man was the Son of God.
15:40 Uye kwakange kune vakadziwo vakatarira vari kure, pakati pavo pakange pana Maria Magidhariniwo, naMaria mai vaJakobho muduku naJose, naSarome,	15:40 There were also women looking on afar off: among whom was Mary Magdalene, and Mary the mother of James the less and of Joses, and Salome;
15:41 (avowo vaimutevera achiri muGarirea, vachimushandira), nevamwe vakadzi vazhinji vakange vakwira kuJerusarema naye.	15:41 (Who also, when he was in Galilee, followed him, and ministered unto him;) and many other women which came up with him unto Jerusalem.
15:42 Zvino atova manheru, zvarakange riri gadziriro, ndokuti zuva rinotangira sabata,	15:42 And now when the even was come, because it was the preparation, that is, the day before the sabbath,
15:43 Josefa waiva weArimatia, nhengo yedare yairemekedzwa, wakange akamirirawo pachake ushe hwaMwari wakauya, akapinda kuna Pirato akatsunga, akakumbira chitunha chaJesu.	15:43 Joseph of Arimathaea, an honourable counsellor, which also waited for the kingdom of God, came, and went in boldly unto Pilate, and craved the body of Jesus.
15:44 Pirato akashamisika nekuti wakange atofa; akadanira kwaari mukuru wezana, akamubvunza kana akange ava nenguva afa.	15:44 And Pilate marvelled if he were already dead: and calling unto him the centurion, he asked him whether he had been any while dead.
15:45 Zvino wakati azvinzwa nemukuru wezana, akapa Josefa chitunha.	15:45 And when he knew it of the centurion, he gave the body to Joseph.
15:46 Akatenga mucheka werineni, akamuburusa, akamuputira nemucheka wakapfava, ndokumuradzika muguva rakange rakacherwa muruware, ndokukungurusira ibwe pamukova weguva.	15:46 And he bought fine linen, and took him down, and wrapped him in the linen, and laid him in a sepulchre which was hewn out of a rock, and rolled a stone unto the door of the sepulchre.
15:47 Zvino Maria Magidharini, naMaria mai vaJose, vakaona paakaradzikwa.	15:47 And Mary Magdalene and Mary the mother of Joses beheld where he was laid.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
<b>Mark 16</b>	<b>Mark 16</b>
16:1 Sabata rakati rapfuura, Maria Magidharini, naMaria mai vaJakobho, naSarome vakatenga zvinonhuhwira, kuti vaende kunomuzodza.	16:1 And when the sabbath was past, Mary Magdalene, and Mary the mother of James, and Salome, had bought sweet spices, that they might come and anoint him.
16:2 Mangwanani-ngwanani kwazvo nomusi wokutanga wevhiki vakaenda kuguva, zuva robuda.	16:2 And very early in the morning the first day of the week, they came unto the sepulchre at the rising of the sun.
16:3 Vakati pakati pavo: Ndiani uchatikungurusira ibwe kubva pamukova weguva?	16:3 And they said among themselves, Who shall roll us away the stone from the door of the sepulchre?
16:4 Zvino vakati vachitarira, vakaona kuti ibwe rakange ratokunguruswa, nekuti raiva guru-guru.	16:4 And when they looked, they saw that the stone was rolled away: for it was very great.
16:5 Zvino vakati vachipinda muguva, vakaona jaya rakange rigere kurudyi, rakapfeka nguvo chena yakareba; vakavhunduka;	16:5 And entering into the sepulchre, they saw a young man sitting on the right side, clothed in a long white garment; and they were affrighted.
16:6 rikati kwavari: Musavhunduka; munotsvaka Jesu muNazareta wakarovererwa pamuchinjikwa; wamuka, haasi pano; tarirai panzvimbo pavakange vamuraadzika.	16:6 And he saith unto them, Be not affrighted: Ye seek Jesus of Nazareth, which was crucified: he is risen; he is not here: behold the place where they laid him.
16:7 Asi endai, mundoudza vadzidzi vake naPetro kuti unokutungamirirai kuGarirea, muchandomuonako sezvaakakuudzai.	16:7 But go your way, tell his disciples and Peter that he goeth before you into Galilee: there shall ye see him, as he said unto you.
16:8 Vakabuda nekukurumidza vakatiza paguva; uyezve kudedera nekuvhunduka kwakavabata; vakasataura chinhu kuna ani zvake, nekuti vakange vachitya.	16:8 And they went out quickly, and fled from the sepulchre; for they trembled and were amazed: neither said they any thing to any man; for they were afraid.
16:9 Zvino Jesu wakati amuka mangwanani-ngwanani newokutanga wevhiki, wakaonekwa pakutanga kuna Maria Magidharini, waakabudisa kwaari madhimoni manomwe.	16:9 Now when Jesus was risen early the first day of the week, he appeared first to Mary Magdalene, out of whom he had cast seven devils.
16:10 Iye akaenda akaudza avo vaiva naye, pavaichema vachirira.	16:10 And she went and told them that had been with him, as they mourned and wept.
16:11 Naivo vanzwa kuti mupenyu, uye kuti wakange aonekwa naye, havana kutenda.	16:11 And they, when they had heard that he was alive, and had been seen of her, believed not.
16:12 Shure kweizvozvo wakazviratidza nechimwe chimiro kuvaviri vavo vachifamba, vachienda muruwa.	16:12 After that he appeared in another form unto two of them, as they walked, and went into the country.
16:13 Ivowo vakaenda, vakaudza vakange vasara; naivo vakasavatenda.	16:13 And they went and told it unto the residue: neither believed they them.

SHONA	NEW INTERNATIONAL VERSION
16:14 Pashure wakazviratidza kune vanegumi neumwe vagere pakudya, akamhura kusatenda kwavo neukukutu hwemoyo, nekuti havana kutenda vaya vakange vamuona amuka.	16:14 Afterward he appeared unto the eleven as they sat at meat, and upbraided them with their unbelief and hardness of heart, because they believed not them which had seen him after he was risen.
16:15 Akati kwavari: Endai munyika yose muparidze evhangeri kuchisikwa choga-choga.	16:15 And he said unto them, Go ye into all the world, and preach the gospel to every creature.
16:16 Uyo unotenda akabhabhatidzwa uchaponeswa; asi usingatendi uchapiwa mhosva.	16:16 He that believeth and is baptized shall be saved; but he that believeth not shall be damned.
16:17 Zviratidzo izvi zvichavatevera vanotenda: Muzita rangu vachabudisa madhimoni, vachataura nendimi itsva;	16:17 And these signs shall follow them that believe; In my name shall they cast out devils; they shall speak with new tongues;
16:18 vachanonga nyoka; kunyange vakamwa chero chinhu chinouraya, hachingatongovakuvadzi; vachaisa maoko pavarwere, vakapora.	16:18 They shall take up serpents; and if they drink any deadly thing, it shall not hurt them; they shall lay hands on the sick, and they shall recover.
16:19 Naizvozvo Ishe shure kwekunge ataura kwavari, akagamuchirwa kumusoro kudenga, akagara kuruoko rwerudyi rwaMwari.	16:19 So then after the Lord had spoken unto them, he was received up into heaven, and sat on the right hand of God.
16:20 Ivo vakabuda, vakaparidza kose-kose, Ishe achibata navo, achisimbisa shoko nezviratidzo zvaitevera. Amen.	16:20 And they went forth, and preached every where, the Lord working with them, and confirming the word with signs following. Amen.